


# KUGADZWA <sup>1</sup>

 . . . ini ndiri kunzwa zvakanaka kunzwa izvozvo, zvakanaka izvo. Haiwa, nguva dzose, sezvandakambotaura kumashure, “Ndakafara apo vakati kwandiri, ‘Handei kuimba yaJehovha.’” Ndinotenda Dhavhidhi wakaita chitaurwa ichocho pane imwe nguva, “Handei kuimba yaJehovha.” Handizive imwe nzvimbo iri nani kunge tiri, ungaiziva here, ingapfuura muimba yaIshe.

<sup>2</sup> Zvino, husiku huno, tine shamwari pano dzauya nzira yose kubva kuGeorgia. Pamwe vachazenge vachityaira vachidzokera shure—shure kwekudya kwemasikati husiku huno. Uyezve tichange. . . Vamwe vavo vanobva kure zasi, ndinotarisa kuti muchambosara kuno. Uye nzvimbo dzatinadzo dzakazaruka kwamuri.

<sup>3</sup> Uyezve husiku hwemusi weChitatu tichaenderera mberi, nechidzidzo, uyezve, Ishe vachitendera, nemusi weSvondo inotevera zvakare.

<sup>4</sup> Uyezve Chautauqua kuchatanga nemusi wechitanhatu. Nokudaro imi mose makarongera zororo renyu, tiri kutarisira nguva huru, inoshamisa kuChautauqua. Ikoko ndiko kwatinogara tine nguva dzakanakisisa. Hakuna ungoro dzakakurisa, dzimwe nguva tinombova. . . Inotakura kuda kusvika. . . ndinofungira kuti tinokwanisa kuimba zviuru gumi mairi, zviri nyore. Asi, kazhinji, gore rakapera ndinofunga kuti takava nevangangosvika zviuru zvinomwe, vakada kudaro. Yaiva nzvimbo yakange yakanyatsozara, asi kune nzvimbo yakawanda yekumira. Uye nezvigaro zvekuti vanokwanisa kuronga zvichibuda kunze. Zvino nekudaro tiri kutarisira izvozvo.

<sup>5</sup> Uye ndinofara kuona hama dzedu dzakawanda dzinoshumira dziri muno. Handitombokwanisi kufunga nezvezita ravo pano, mumishinari, Hama Humes naHanzvadzi Humes, ndimi here makagara pano apa, uye nevadiki, tinofara kuva navo, mumishinari. Vamwe vacho, Hama Pat, Hama Daulton, uye, o, vakangowanda, Hama Beeler. Uye ndaona Hama Collins nguva diki ichangopfuura. Uye, o, zvinova zvakati womei kuti ndivataure mazita avo vose. Asi tinofara zvakananyanya kuva nemi muimba yaShe usiku huno. Iyi hama huru inokosha Hama Neville vakagara seri kwangu kuno kuti vanamate neni apo tinenge tichidzidzisa Shoko. Charlie, ndinofara kukuona neHanzvadzi Nellie pano usiku huno, nevadiki. Izvi zviri. . . zvino kudzidzisa Bhaibheri kunogara kuri. . . Hongu, Hama Welch, ini ndanga. . . ndichikutsvagai, ndiri kukuonai makagara kumashure uko zvino.

<sup>6</sup> Kudzidzisa Bhaibheri zvagara zviine kanjodzi, kadiki, munoziva, zvakaita sekunge uri kufamba pamusoro pechando chakatetepa, tinotaura tichidaro. Asi tinongonzwa kuti pamwe zvichida, pachinhanho chino uye panguva ino, zvingava zvakanaka kuti tiedze kuunza che—chechi kune zvandinofunga, pane nzwi—nzwisiso yakazara, maererano nezvimbo, yezvatiri muna Kristu Jesu. Dzimwe nguva ndinofunga kuti kuparidza chinhu chakanaka kwazvo, asi ndinotenda dzimwe nguva, Hama Beeler, kuti kudzidzisa kunopfuurira izvozvo, zvinoita sekuti . . . kunyanya sei kuchechi.

Zvino, kuparidza kunowanzobata mutadzi, kunomuunza pasi pekupomerwa neShoko. Asi kudzidzisa kunoisa munhu panzvimbo yezvaari. Uye hatife takakwanisa kuva nekutenda chaiko kusvikira taziva zvatiri panzvimbo dzedu.

<sup>7</sup> Zvino, kana United States, yenyika ino yakanaka, yakanditumira kuRussia, semumiririri wenyika ino, kuRussia, zvino kana vakanyatsondituma kuRussia zviri pamutemo, simba rese rine United States rinenge rakanditsigira. Shoko rangu rinenge rakangofanana nereUnited States kana ndichinge ndacherechedzwa semumiririri wenyika.

<sup>8</sup> Uye zvino kana Mwari atituma kuti tive vamiririri vaKe, simba rose riri Kudenga, zvose zviri Mwari, Ngirozi dzaKe dzose nesimba raKe rose zvinotsigira mashoko edu kana tiri nhume dzakagadzwa nenzira kwayo, dzakatumba kuvanhu. Mwari vanotofanira kuremekedza Shoko, nekuti Vakanyatsonyora zvakaperera, kuti “Chipi nechipi chaunosunga panyika, ichocho Ndichachisunga Kudenga. Chipi nechipi chaunosunungura panyika, ichocho Ndichachisunungura Kudenga. Uye Ndinokupa makiyi ekuHumambo.” Oo, vimbiso huru dzakadai dzaAkapa kuchechi!

<sup>9</sup> Uye ndiri, mushure merimwe zuva . . . Vazhinji venyu, ndinofungidzira, manga muri pano mangwanani ano kuti munzwe apo ndanga ndichiedza, nenzira yangu yakazvininipisa, yakareruka, kutsanangura chi—chiratidzo chandakaona choKudenga.

<sup>10</sup> Handife nenzira ipi zvayo ndakaedza kupokana chinhu chipi zvacho chandakamboudzwa nemunhu upi zvake achiti Mwari vakamuudza. Ndinongozvitenda kunyangwe ndisina kuzviona muGwaro, ndaizongoda kutenda shoko rehama iyoyo. Ndi—ndingazongogara hangu pamwe chete neBhaibheri, asi kunyangwe zvakadaro ndaizotenda kuti zvichida hama yangotadza kuzvinzwisisa neimwe nzira, kuti anogona kunge akazviti vhiringidzei zvishoma. Uye kunyangwe zvakadaro ndaizotenda iye—iye kuti ihama yangu.

<sup>11</sup> Uye kana paine chimwe chinhu chinopisa mukati memwoyo wangu, uye ndinotarisa kuti chisafe chakandisiya mumakore angu achauya, kuti ndisafe ndakakanganwa zvakaitika musi

weSvondo yapfuura mangwanani, pava nevhiki. Zvakaita chimwe chinhu kwandiri chakavandudza hupenyu hwangu. Ini—ini handityi. Ini—ini handichisina kana kakutya rufu. Rufu harutyise zvachose. Uye haru—rudaro kwauri kana ukangonzwisisa. Zvino, zvichida kana...Iwe unofanira kuva nechitiko chacho kuti uzvizive, nekuti hapana nzira yekuzvitsanangura. Haukwanise kuwana mashoko, nekuti hazvimo muduramazwi reChirungu, kana rimwewozve duramazwi, nekuti zviri muna Ziendanakuenda; hakuna nezuro, hakuna mangwana, zvese zvinongori zvazvino. Uye hakuna kuti “Ndinonzwa zvakanakisisa,” zvino awa inotevera kubva zvino, “handichanzwi zvakanaka,” uye imwe awa, “ndonzwa zvakanaka zvakare.” Zvinogara zviri muna zvino uno nguva dzose. Maona? Hazvitombomira, rwungori rugare rwuya rwunobwinya, chimwewo.

<sup>12</sup> Zvino hakukwanise kuva nechivi, hakugoni kuva negodo, hakugoni kuva nehurwere, haku—hakuna chinhu chinokwanisa kutombosvika kumahombekombe iwayo oKudenga. Uye kana ndikakwanisa kuva nemukana wekutura izvi, zvinova, zvichida pamwe handina. Kana ndisina, ipapo ndinonamata kuti Mwari andiregerere. Asi kana ndiine mukana wacho, uye kuri kuti ndiMwari akanditendera kuti ndikwidzwe mudenga kuti ndione chimwe chinhu, chandingati Matenga ekutanga. Zvino ipapo ndinotenda, mumwe muBhaibheri, ainzi, ndinotenda aiva Pauro, uyo akakwidzwa ndokupinda muMatenga echitatu. Uye kana zvakava nokubwinya kwakadai muMatenga ekutanga, ko iwo Matenga echitatu akatakurei? Ndokusaka akatadza kutaura nezvazvo kwemakore gumi nemana! Akati akanga asingazive kuti aiva mumutumbi here kana kuti ainge ari kunze kwemutumbi. Pamwe chete nemuapostora mukuru uya, kwete kugoverana hofisi yake—yake—yake, kana kwete kuti tiedze kuzviita chimwe chinhu sezvaakange ari, asi ndinogona kutaura pamwe chete naye, handizive kana ndaiva ndiri mumutumbi uno here kana kunze kwemutumbi. Chinhu chega, ndechekuti zvaiva zvemazvirokwazvo sekukutarisai kwandakaita.

<sup>13</sup> Ndakagara ndichingonetsekana pamusoro pekuti kana ndikanzi ndafanoenda uye ndobva ndazoono kagore kadiki kachipfuura nepedyo, kari mweya, ndoti, “Havo vari kupfuura hama nehanzvadzi, ndiCharlie naNellie. NdiHama naHanzvadzi Spencer vari kuenda uko.” Zvaigara zvichindinetsa kunzwisisa. Kana maziso angu ari muguva, achiwora, anyanya kuora, kana nzeve dzangu dzisisipo pano kuti ndinzwe zvekare, uye kana ropa rangu radzokera rose uye variisa mushonga wekuchengetedza zvitunha, uye riri mudzimvura kana muvhu, uye pfungwa dzangu, zvizenga zveuropi hwangu zvisisipo, zvararo ndingazova sei chimwe chingadarika kungova hangu mweya hawo uri kungoyangarara uchitenderera? Zvino izvozvo zvaindinetesa. Ndaizoda sei kuti nditi, “Mhoroi, Hama Pat, oo,

ndafara kwazvo kukuonai! Mhoroi, Hama Neville, ndaizoda sei kuti ndikuonei!” Asi ndakafunga, “Zvino, kana ndichisina chinhu chekuonesa nacho, chero muromo wekutura nawo, waora, wave guruva, ko ndaizokwanisa sei kuti nditi, ‘Mhoroi, Hama Pat,’ ‘Mhoroi, Hama Neville,’ kana zvakadaro, ‘Kaziwa, Charlie?’”

<sup>14</sup> Asi iko zvino ndava kuziva kuti izvozo handizvo. Nokuti zvakanyorwa muMagwaro, izvo zvandinoti hazvipesani, “Nokuti kana tabhanakeri ino yevhu yaparara, tine imwe yakatotimirira,” imwe tabhanakeri ine maziso, nzeve, miromo, pfungwa. “Kana tabhanakeri ino yevhu yaparara!” Ine mutumbi wekuti ndinokwanisa kunzwa nekubata, nokukwanisa kutaura.

<sup>15</sup> Uye zvino zvanguya kwandiri, iko zvino, kuti Mosesi akanga akasofa ari mubwiro risingazivikanwi kwemakore mazana masere, naErisha akanga aenda Kudenga makore mazana mashanu kumashure, asi paGomo reKushandurwa vakaonekwa vachitaura naJesu.

<sup>16</sup> Mushure mokunge Samuери afa kwemakore angatangira pamatatu kusvika mashanu, zvino muroyi wekuEndori akamudaidza, akawira pasi neuso hwake, iye akati, “Iwe wandinyengera, nekuti ndiwe Sauro, pachako.” Akati, “Nokuti ndinoona vanamwari!” Aiva muhedheni, munoona. “Ndinooona vanamwari vachikwira kumusoro.”

<sup>17</sup> Zvino Sauro ainge asati akwanisa kumuona ipapo, zvino ndokuti, “Anotaridzika sei? Mutsanangure zvaari kwandiri.”

Akati, “Mutete, uye ane nguwo pabendekeke rake.”

<sup>18</sup> Akati, “NdiSamuери, muporofita, muunze pano pamberi pangu.” Ndinoda kuti mucherechedze kuti Samuери ainge asina kurasikirwa kana nepadiki nehunhu hwake. Akange achingori muporofita. Akaudza Sauro chaizvo izvo zvaizoitika zuva raitevera.

<sup>19</sup> Zvino, munoona, rufu harwutipedze zvachose apo patinochema nekuungudza nekubararadza paguva. Rwunongoshandura nzvimbo yedu yatinogara. Irwo rwunotitora kubva pane imwe nzvimbo kuenda kune... Zera chii? Kana ndikararama imwezve awa imwe chete, ndinozorarama kupfuura vanhu vakawanda vane makore gumi nematanhatu ekuberekwa, ndinozorarama kupfuura vanhu vakawanda vane makore mashanu ekuberekwa. Zera harirevi chinhu. Takangoiswa pano nechinangwa, kuti tiite chimwe chinhu.

<sup>20</sup> Zvakanaka, zvino, vazhinji vanamai vane zviso zvakanaka vakagara pano, vamwe vavo vane makore makumi matanhatu kana makumi manomwe ekuberekwa, vangati, “Zvino, chii chandakaita, Hama Branham?” Wakarera vana vako. Wakaita izvo zvawaifanira kunge wakaita.

21 Zvichida vamwe baba vechikuru vakagara pano, vanoti, “Zvino, ndakarima minda, ndakaita *ichi*. Handina kumbobvira ndaparidza.” Asi makaita chaizvo zvamakatimirwa naMwari kuti multe. Kune nzvimbo yenyu.

22 Ndaitaura nachiremba wechikuru, nezuro, mumwe weshamwari dzangu dzavanachiremba, shamwari yepedyo, ane makore makumi masere neanoraudzira ekuberekwa. Uye muramu wavo ari pano pachechi husiku huno, zvino anga angori zvishoma, nekakushushikana zvishoma pamusoro pavo. Zvino ndakaenda kunovaona. Pandakangotanga kutaura navo, vakabva vangobengenuka, vakandiudza nezverwendo rwekunovhima rwavakaita makore akawanda apfuura muColorado, nyika imwe cheteyo yandinovhimira. Vakanyatsopenya nekujeka! Ini ndikati, “Chiremba, mave nenguva yakadini muchirapa?”

23 Vakati, “Pawakanga uchiyamwa.” Uye pava paya ndakati. . . “Uye nguva zhinji,” vakati, “ndairapa, ndichifamba nengoro yangu yemabhiza, ndoisa mabhegi angu epabhiza pamusoro pebhiza rangu. Ndaitora kabhegi kadiki kekubereka zvino ndakafamba.”

24 Zvino ndikati, “Hongu, muchidzika nemumhenderekedzo dzekarwizi kadiki, nenguva dza two o'clock mangwanani, muine tochi yenyu, muchiedza kuwana imba yaiva nekamwana kadiki kairwadziwa nemudumbu kana amai vari mumarwadzo ekubereka.”

“Ndizvo chaizvo.”

25 Uye ndikati, “Munoziva, chiremba, ndinotenda, mhiri kwemutsetse uyu unopatsanura pano, pakati pekufa nekusafa, Mwari ane nzvimbo yavanachiremba vatana vakanaka vakashumira saizvozo.”

26 Misodzi yakawanda yakauya mumaziso avo ivo ndokutanga kuchema, vakasimudza maoko avo asina simba vakati, “Hama, ndinotarisisira kudaro.” Mhiri kwenyika, Mwari anotonga moyo wemunhu, zvaanenge ari.

27 Zvino ndakavapa Gwaro iri rinogutsa. Nguva zhinji, muchifamba nemuminda ine rima nemadhaka husiku, muchiedza kubatsira mumwe munhu, zvichida musingatombowani kana kobiri kwazviri, asi zvose zvakarangana. Ndikati, “Jesu akati muMagwaro, ‘Vakaropafadzwa vane tsitsi, nekuti vachawana tsitsi.’” Uye ichocho ichokwadi.

28 Zvino husiku huno tinoda kuisa chechi, muzvidzidzo zvitatu izvi, kana Mwari vakatendera, kuti sei uye nezvekutarisa kwazviri, izvo zvatiri. Tichatangira pachitsauko 1 cheBhuku retsamba yaPauro kuEfeso. Uye tichange tichitora zvitsauko zvitatu zvekutanga muzvidzidzo zvedu zvitatu zvinotevera, tichiedza kutora chitsauko chimwe chete pausiku humwe, kana

tikakwanisa. Husiku huno, Chitatu, nemusi weSvondo inotevera mangwanani. VaEfeso, chitsauko 1. Zvino apo tichidzidza pamwe chete, ndingade kutaura izvi, kuti Bhuku iri raVaEfeso rinoenzaniswa zvakakwana neraJoshua remuTestamende Yekare. VaEfeso, Bhuku raVaEfeso.

<sup>29</sup> Zvino, rangarirai, zvikaitika sekuti tati tsaukei, kubva padzidziso yako, ingotiregererawo uye wotsungirira nesu kwechinguva. Tisati tarivhura, ngatiMukumbirei kuti atibatsire, apo tichikotamisa misoro yedu.

<sup>30</sup> Ishe, tiri kuswera kuZvinyorwa zveNyu zvitsvene uye zvinoyera, zvinova ndiZvo zvine chengetedzo yakasimba kupfuura matenga ose nenyika. Nokuti tinoverenga muShoko rino, rinonzi Bhaibheri, kuti “Zvose denga nenyika zvichapfuura, asi Shoko raNgu harifi rakakundikana.” Zvino, panguva ino yakayereswa iyo yandauya papurupiti ino husiku huno, pamberi pevakatengwa neRopa reNyu, ava vadikani vanokosha vemitumbi inofa vagere pano husiku huno, vachibatirira nesimba kutariro duku yose yavangakwanise, kubatirira kuitira icho Chiedza chichauya. Dai zvanyatsokwana, husiku huno, kuti mutendi wese ari pano agoona nzvimbo yake, uye munhu wese asati apinda mukuyanana kukuru uku, apinde nechisimba muHumambo, Ishe, uye ogodza pamusuwo kusvikira Muchengeti azarura musuwo. Zvitenderei, Ishe.

<sup>31</sup> Tiri kuverenga muno umu mokuti iri Bhaibheri harina dudziro yepakavanda. Mwari, musatendere kuti ini muranda weNyu kana mumwewo muranda afe akaedza kuisa dudziro yake kuShoko. NgatingoRiverengai nekuRitenda, nenzira yaRakanyorwa nayo. Uye kunyanya isu vafudzi vemapoka emakwai, isu vafundisi ivo vacho rimwe zuva vachazoungana ikoko kuNyika inobwinya pamwe nemapoka madiki, zvino tichazomira muHupo hwaIshe Jesu uye tichazoono chizvarwa chiya chichimuka, chaPauro, nechaPetro, nechaRuka, naMariko, naMateo, nevamwe vose, tichizovaona vachitongwa ikoko pamwe nemapoka avo. Mwari, zviitei kuti ndigokwanisa kuisa mikombe mamiriyoni gumi patsoka dzeNyu apo ini ndozokambaira mukuzvininipisa ndichikwirapo ndoisa mawoko angu patsoka dzeNyu dzinokosha, ndobva ndati, “Ishe, ava ndeveNyu.”

<sup>32</sup> O Mwari, tizadzei patsva neMweya weNyu, uye neRudo rweNyu nekunaka kweNyu. Uye dai isu, semudetemi akazvitauro murwiyo makore akawanda apfuura, “Gwayana rinodikanwa riri kufa, Ropa reNyu rinokosha harife rakarasikirwa nesimba raro, kusvikira yose Chechi yaMwari yakadzikinurwa yaponeswa kuti isazotadza zvekare. Uye kubvira ipapo, nekutenda, ndakaona hova iya yaibva mumaronda eNyu aijuja; rudo rwunodzikinura ndiro ranga riri dingindira rangu, uye richava kusvikira ndafa. Zvino munziyo ine kuremekedzwa, nekutapira kwakawedzerwa,”

anoenderera mberi achiti, “ndichaimba pamusoro pesimba reNyu rekuponesa; apo rurimi rwuno rwunonzwisa tsitsi rwune chirimi, rwunokakama rwarara mukunyarara muguva.” Zvadaro, guva harina kana rufu zvarwo rwarinobata kune vana veNyu. Inongova nzvimbo yekuzororera, kana nzvimbo yokuvanda, apo kuora kuno kuchapfeka kusaora.

<sup>33</sup> Dai husiku huno taona izvi, Ishe, zviri pachena, sekupiwa kwazvinoitwa kwatiri muShoko. Tipeiwo kunzwisisa. Uye tiiseiwo, Ishe, panzvimbo yedu yekushumira, kuti tigoshumira zvakatendeka kusvikira Muchiuya. Tinozvikumbara izvi muZita raJesu, uye nepamusana paKe. Amen.

<sup>34</sup> Zvino, Bhuku raVaEfeso, sezvandange ndichingotaura, ini. . . pamafungire angu, ndiro rimwe remaBhuku makurusa emuTestamende Itsva. Rinotisiya, apo chiCalvin chinomhanya chichitsauka kune rimwe bazi, uye chiArmenia chinomhanya chichitsauka kune rimwe bazi, asi Bhuku raVaEfeso rinozviunza pamwe chete zvino rogadza Chechi panzvimbo.

<sup>35</sup> Zvino, ndarifananidza naJoshua. Kana macherechedza, Israeri yakaburitswa kubva muEgipita, uye pane matanho matatu erwendo rwavo. Rimwe danho, kwaiva kusiya Egipita. Danho raitevera, raiva renje. Uye danho rakazotevera, raiva Kenani.

<sup>36</sup> Zvino, Kenani haimiririre zera reMireniyamu. Inongomirira zera remukundi, nguva yokukunda, nokuti muKenani vaiuraya nekupisa uye vakatora maguta. Zvino kuchange kusina rufu muMireniyamu.

<sup>37</sup> Asi chimwe chinhu charinoita, rinoburitsa kururamiswa nekutenda, shure kwokunge vatenda muna Mosesi uye vakasiya Egipita. Kucheneswa, mukutevera vari pasi peShongwe yeMoto uye neyananiso yechibayiro chegwayana vari murenje. Uyezve nekuzopinda munyika yainge yavimbiswa.

<sup>38</sup> Zvino, chii nyika yakavimbiswa kumutendi weTestamende Itsva? Vimbiso yacho Mweya Mutsvene. “Nokuti zvichazadziiswa mumazuva ekugumusira,” Joere 2:28, “kuti Ndichadurura Mweya waNgu pamusoro penyama yose. Vanakomana venyu nevanasikana venyu vachaporofita. Uye napamusoro pavarandakadzi vaNgu uye nevarandasikana vaNgu Ndichadurura Mweya waNgu, uye vachaporofita. Ndicharatidza zvishamiso mumatenga kumusoro. Uye napanyika, shongwe dzemoto, nechitsi, nerukore.” Uye Petro akati, paZuva rePentekosti, shure kwokunge atora chidzidzo chake uye ndokuparidza, “Tendeukai, mumwe nemumwe wenyu, mubhabhatidzwe muZita raJesu Kristu kuti mugoregererwa,” kuregerera, kukanganwira, kubvisa kudarika kwose kwenguva yekumashure.

<sup>39</sup> Makacherechedza here, Joshua, vasati vayambuka Jorodhani, Joshua akati, “Endai nepakati pemusasa mugeze

hanzu dzenyu muzvichenese mumwe nemumwe wenyu, ngapasava nemurume anoenda kumudzimai wake, nekuti mumazuva matatu muchaona Kubwinya kwaMwari.” Maona? Ndiwo—ndiwo matanho ekugadzirira kugara nhaka yevimbiso. Zvino, vimbiso kuIsraeri, yaiva, Mwari akapa Abrahamama vimbiso yenyika, yeParastina, uye yaizova iri nhaka yavo nekusingaperi. Uye vaifanira kugara vari munyika iyi nguva dzose.

<sup>40</sup> Zvino, vakauya mumatanho matatu, vachiuya kunyika iyi yechipikirwa. Zvino tarira, zvinonyatsofananidzirwa zvakakwana muTestamende Itsva.

<sup>41</sup> Zvino izvi, sezvandambotaura, zvinopesana nemamwe mafungiro enyu. Vamwe venyu imi vanhu vechiNazarene vanokosha, Church of God, nedzimwe dzakadaro, musazvitendere kuti zvikurwadzei, asi ingozvitarisai nepedyo uye motarira mifananidzo yacho. Tarisai mugoona kana nzvimbo yega-yega isingarove zvakanyatsonanga.

<sup>42</sup> Pakava nematanho matatu erwendo, uye pane matanho matatu erwendo rwuno. Nokuti, tinoruramiswa nokutenda, tichitenda muna Ishe Jesu Kristu, tichisiya nyika yeEgipita, tobuda. Uyezve tinocheneswa kubudikidza nechipiriso cheRopa raKe, tichigezwa kubva kuzvivi zvedu, tova vapfuuri nevafambi, tichitaura kuti tiri kutsvaga nyika, guta riri kuuya, kana kuti vimbiso.

<sup>43</sup> Ndizvo zvakaitwa neIsraeri murenje, vafambi, vasina nzvimbo yekuzororera, vachifamba husiku humwe nehumwe, vachitevera Shongwe yeMoto, asi pakupedzisira vakazosvika kunyika yechipikirwa uko vakazitora hugaro.

<sup>44</sup> Apa ndipo panouya mutendi. Anotanga kuuya mukucherechedza kuti iye mutadzi; zvino ozopatsanurwa nemvura, kugezwa nemvura, kubudikidza neRopa, uye . . . kana kuti kugezwa nemvura kubudikidza neShoko, waro, achitenda muna Ishe Jesu Kristu. Zvino, achinge aruramiswa nekutenda, anobva ava mudyi, owana rugare naMwari, kubudikidza naKristu, obhabhatidzwa kupinda muZita raJesu Kristu, kuti vamuisse murwendo. Mazvibata here? Opinda murwendo! Zvino anobva ava mufambi nemupfuuri. Ari murwendo rwake kuendepi? Vimbiso yakaitwa naMwari.

<sup>45</sup> Israeri yaive isati yagamuchira vimbiso, asi vaiva parwendo rwavo. Uye pasina kusimudza . . . Ndapota nzwisaisai. Ndipo apo imi, veNazarene nePilgrim Holiness, nevakadaro, makawa. Nokuti, Israeri, apo pavakauya panzvimbo, yeKadheshi-Bhania, apo vatsori vakaenda mhiri vakati, “Nyika yacho yakanaka kwazvo,” asi vamwe vavo vakadzoka vakati, “Hatikwanise kuitora, nokuti maguta acho ane masvingo, nezvakadaro.” Asi Joshua naKarebhu vakamira voga, vakati, “Tinokwanisa nokupfuurira kuitora!” Nokuda kwezvita urwa zvavo zvainge



zvanyorwa nekutsigirwa kare, vaitenda mumabasa maviri enyasha, kururamiswa nekuchenewa, uye havana kugona kuzofambira mberi. Zvino, teerera, chizvarwa ichocho chose chakapararira murenje. Asi vaviri vakaenda vakandopindamo munyika yechipikirwa vakadzoka neumbowo hwokuti yaiva nyika yakanaka, “uye taikwanisa nokupfuurira kuitora, nokuti yaiva vimbiso yaMwari.” Zvino pane kuti vanhu vaenderere mberi, vachigamuchira Mweya Mutsvene, vachitaura nendimi, vachigamuchira simba raMwari, rubhabhatidzo rwoMweya Mutsvene, zviratidzo, zvishamiso, mashura, vakanzwa sokuti zvaizoparadza tsika dzedzidziso dzavo. Zvino chii chakazoitika kwavari? Vakaparara munyika! Ndizvo chaizvo.

<sup>46</sup> Asi vatendi, vemhando yaKarebhi naJoshua, avo vaienda mberi kuvimbiso, vakafambira mberi vachipinda munyika, uye vakatora nyika, uye vakagara vakagadzikana munyika, senhaka yavo. Zvino hatizombofi takagumira pakururamiswa, pakuchenewa. Ngatiendererei mberi kurubhabhatidzo rwoMweya Mutsvene. Ngatisamire pakutenda muna Ishe Jesu, takabhahhatidzwa. Ngatisamira nokuti Wakatichenesa kubva paupenyu hwechivi. Asi zvino tamanikidzira kupinda panzvimbo, kuvimbiso yerubhabhatidzo rweMweya Mutsvene. Nokuti Petro wakati, paZuva rePentekosti, “Nokuti vimbiso iyi ndeyenyu, uye nevana venyu, uye nekune avo vari kure, kunyangwe kune vose avo vachadanwa naIshe Mwari wedu.”

<sup>47</sup> Saka, VaEfeso pano inotigadza saJoshua, panzvimbo. Munocherechedza, Joshua, shure kwokunge ayambukira kunyika, atora nyika, ndokubva azogova nyika. “Efuremu *pano*, Manase *pano*, uye uyu *pano*, Gadhi *pano*, Benjamini *pano*.” Akagovanisa nyika.

<sup>48</sup> Uye cherechedzai! Oo, izvi zvinopisa mumwoyo yedu! Mumwe nemumwe wavanamai vechiHebheru ava, vachisununguka vana ivavo, vaitaura nzvimbo yacho chaiyo, mumarwadzo ake ekubereka, uko vaizogadzwa munyika yevimbiso. Oo, chidzidzo chikuru! Dai taingokwanisa kupinda machiri muhudzamu, zvinozopedza maawa nemaawa. Rimwe zuva apo tinenge taita kuti chechi yedu igadzirwe, ndinozoda kuuya ndotoro mwedzi wese kana miviri, tongogara mazviri. Tarisai apo ivo, mumwe nemumwe wavanamai ava, apo paakadanidzira, “Efuremu,” apo ainge ari mumarwadzo ekubereka, akamugadza panzvimbo yake chaipo apo makumbo ake ainge akanyudzwa mumafuta. Zvingori chaizvo mumwe nemumwe wavo chero kwese kwavaiva!

<sup>49</sup> Uye Joshua, asingazive izvi, asi nekufemerwa, achitungamirirwa noMweya Mutsvene, shure kwekunge ambove munyika yevimbiso, akapa munhu mumwe nemumwe vimbiso yake, chaizvoizvo zvakavimbiswa noMweya Mutsvene kuburikidza nemukuberekwa kumashure uko.

<sup>50</sup> Kuti Mwari akagadza sei vamwe muchechi, kuburikidza nemarwadzo ekubereka! Oo, anomborwadza zvakanyanya imwe nguva. Apo chechi inenge ichigomera pasi pekutambudzwa nenyika yekunze, ichitenda muna Ishe Jesu, kuti vimbiso yeMweya Mutsvene inongova yemazvirokwazvo kwatiri sezvayaiva kuPentekosti, kuti vaigomera nekuchema sei pasi pamarwadzo ekubereka! Asi pavanenge vaberekwa, uye vaberekwa panzvimbo muHumambo hwaMwari, zvino Mweya Mutsvene wakagadza muchechi, vamwe vaapostora, vamwe vaporofita, vamwe vadzidzisi, vamwe vafudzi, vamwe vavhangeri. Zvino iYe wakapa imomo, kutaura nendimi, kududzirwa kwendimi, zivo, huchenjeri, zvipo zvekupodza, mhando dzese dzemashura.

<sup>51</sup> Apo pane chechi... Zvino ichi ndicho chinangwa changu chekuita izvi. Chechi inongogara nguva dzose ichiedza kutora nzvimbo yemumwe munhu. Asi musadaro. Hautongokwanisi kurima chibage munzvimbo yaEfuremu, kana iwe uri Manase. Unofanira kutora nzvimbo yako munaKristu, woitora senzvimbo yako. Oo, zvinodzika nekupfuma apo tinopinda pano apa, kuti Mwari anoisa sei mumwe muchechi kuti ataure nendimi, mumwewo... Zvino, takadzidziswa kakawanda, “tose tinofanira kutaura nendimi.” Izvozvo handizvo. “Tose tinofanira kudaro.” Kwete, hatidaro. Vose havana kuita chinhu chimwe chete. Mumwe nemumwe aiva...

<sup>52</sup> Mumwe nemumwe, nyika yakapiwa ikagoverwa nekufemerwa. Uye, mumwe nemumwe, ndaikwanisa kutora Magwaro uye ndozviratidza kwamuri sezvazviri chaizvo, kuti akavaisa munzvimbo yavaifanira kunge vari, nzvimbo yavo, kuti marudzi maviri nehafu vaifanira kugara mhiri kwerwizi, kuti vanamai vavo ndizvo zvavakachema izvozvo pakuberekwa kwavo, uye kuti nzvimbo yega-yega yaifanira kunge yakaita sei.

<sup>53</sup> Zvino shure kwekunge wapinda, hazvirevi kuti wave kunze wasununguka kubva muhondo. Unotofanira kuramba uchingorwira nzvimbo yose yaunomira pairi. Nekudaro, munoona, Kenani haina kumirira Denga guru, nekuti kwaiva nehondo nematambudziko uye kuurayana nekurwa, nezvakadaro. Asi yainge yakamirira izvi, kuti kunofanira kuva kufamba kwakakwana.

<sup>54</sup> Ndipo apo chechi iri kukundikana nhasi, pakufamba uku. Unoziva here kuti kunyangwe mazvibatire ako anogona kutadzisa mumwe munhu kuti apodzwe? Mazvibatire ako asina kunaka, ezvivi zvenyu vatendi zvisina kureururwa, zvinokwanisa kuti chechi ino ikundikane zvinorwadza. Uye paZuva reKutongwa uchava nemungava kune chikamu chese chaizvozvo. “Oo,” woti, “zvino, mirai zvishoma, Hama Branham.” Zvirokwazvo, ichi ndicho Chokwadi. Zvifungei!

<sup>55</sup> Joshua, shure kwekunge ayambukira mhiri kupinda munyika, Mwari vakamupa vimbiso yokuti... Ingozvifunga,

kurwa hondo yose usina kurasikirwa nemurume mumwe chete, pasina kana kuwana vanga, pasina kana zvekumbova nekuva nemukoti, kana kurapwa kana bhandiji. Amen. Mwari akati, “Nyika ndeyako, enda unorwa.” Fungai, zvekurwa hondo, uye pasina veRed Cross varipo zvachose, hapana ani zvake anozokuvadzwa!

<sup>56</sup> Zvino vakauraya vaAmori nevaHeti, asi hapana kana mumwe akakuvara aiva pakati pavo kusvikira chivi chapinda mukati memusasa. Apo Akani akatora hanzu yechiBhabhironi iya nechigodo chendarama chiya, akachiviga pasi pemusasa wake, zvino zuva rakatevera vakarasikirwa nevarume gumi nevatanhatu. Joshua akati, “Mirai! Mirai! Mirai zvishoma, pane chimwe chinhu chakakanganisika! Chimwe chinhu chakakanganisika pano. Tichadanira mazuva manomwe ekutsanya. Mwari vakaita vimbiso kwatiri, ‘Hakuzova nechingatikuvadza.’ Vavengi vedu vachawira patsoka dzedu. Zvino pane chimwe chinhu chakakanganisika pano. Pane chimwe chinhu chakanganisika pane imwe nzvimbo, nokuti tine varume gumi nevatanhatu vafa varere pano. Ihama dzemuIsraeri, uye vafa.”

<sup>57</sup> Ko sei vakafa, varume vasina mhosva? Nokuti murume mumwe chete akabuda mugwara. Munoono chikonzero here chokuti izvi zvinofanira kudzidziswa? Kereke ichipinda mugwara, mugwara reShoko raMwari, ichipinda mugwara raMwari uye ichipinda mugwara mumwe nemumwe, ichifamba zvakanatsokwana yakatwasuka, yakabengenuka, pamberi pevanhu vose, ichitya Mwari. Nokuti murume mumwe chete akaba hanzu, uye akaita chimwe chinhu chaaisafanira kuita, zvakatora hupenyu hwevarume gumi nevatanhatu! Ndinofunga kuti vaiva gumi nevatanhatu, zvichida vanopfuura. Ndinotenda vaiva varume vane gumi nevatanhatu vakange vakafa.

<sup>58</sup> Joshua akadanidzira, akati, “Pane chakanganisika! Mwari akaita vimbiso, zvino pane chakanganisika.”

<sup>59</sup> Kana tikaunza vanorwara pamberi pedu, zvino votadza kupodzwa, tinosungirwa kudandzira kutsanya kwakaperera, kudana gungano. Pane chakanganisika pane imwe nzvimbo. Mwari vakaita vimbiso, Mwari vanofanirwa kumira nevimbiso iyoyo, uye Vanozozviita.

<sup>60</sup> Zvino wakadanira kuti patsanywe. Uye vakazozviona, vakakanda mijenya. Zvino Akani akareurura. Vakauraya Akani, mhuri nezvose, vakapisa madota avo, vakaisiya ipapo serangaridzo. Zvino Joshua akaenderera mberi mukati medzihondo, vachitora zvose, pasina vanga kana chironda. Hezvoka izvo.

<sup>61</sup> Rimwe zuva aida kamwe kanguva, kakawedzerwa. Zuva rainge rave kunonyura, varume vaisakwanisa kurwa zvakanaka panguva dzehusiku. Joshua, murwi mukuru uya, akazodzwa

naMwari, akagadza panzvimbo munyika, seVaEfeso kuChechi itsva, inotora, yakatora, ichitora nyika, kuitora kuve yayo. Aida imwe nguva, nekudaro akati, “Zuva, mira ipapo!” Zvino rakamira kwemaawa angaite gumi nemaviri, kusvikira atora nyika. Maona?

<sup>62</sup> Zvino Bhuku raVaEfeso rinotiisa panzvimbo muna Kristu, zvavaiva muNyika Tsvene. Hatiiswe muNyika Tsvene, asi muMweya Mutsvene! Iko zvino ngatimboverengei Shoko rimwe, toona kuti chechi yakakwana zvakadini:

*Pauro, muapostori waJesu nokuda kwaMwari, . . .*

<sup>63</sup> Oo, ndinozvifarira izvozvo! Mwari vakamuita muapostora. Hakuna vakuru vakaisa maoko pamusoro pake, hakuna mabhishopi akamutuma kupi zvako, asi Mwari vakamudana vakamuita muapostori.

*Pauro, muApostori waJesu Kristu nokuda kwaMwari, kuvatsvene (avo vakacheneswa) vari paEfeso, uye nokuna vakatendeka muna Jesu Kristu:*

<sup>64</sup> Tarisai manyorere aakaita. Iyi haisi yeavo vasingatende. Iyi ndeye kuchechi. Yaidanira kune avo vakadanirwa kunze, avo vakacheneswa nekudanwa vari muna Kristu Jesu.

<sup>65</sup> Zvino, kana uchida kuziva kuti unopinda sei muna Kristu Jesu, kana mukavhura kuna VaKorinde Vekutanga chitsauko 12, yakati, “Nokuti noMweya mumwe chete tinobhabhatidzwa tese muMutumbi mumwe chete.” Sei? Kubhabhatidzwa nechii? Mweya Mutsvene. Kwete nerubhabhatidzo rwemvura, imi vanhu veChurch of Christ, asi nemumwe vara guru M-w-e-y-a, neMweya mumwe chete. Kwete nekukwazisana ruwoko kamwe chete, kwete netsamba imwe chete, kwete nekusaswa mvura kamwe chete. Asi, “NoMweya mumwe chete tinobhabhatidzwa tose muMutumbi mumwe chete,” pfuma yedu, Nyika iyo Mwari akapa kwatiri kuti tigogara mairi, Mweya Mutsvene. Sekungopa kwaAkaita Kenani kumaJudha, Akatipa Mweya Mutsvene. “Kubudikidza neMweya mumwe chete tinobhabhatidzwa tose muMutumbi mumwe chete.” Muri kuzvibata here?

<sup>66</sup> Zvino, ari kutaura kune vaKenani vepamweya, Israeri, Israeri yepamweya avo vakatora nyika. Oo, haufare here kuti wakabuda mugariki yeEgipita? Haufare here kuti wakabuda murenje? Uye, rangarira, vaifanira kuti vadye mana, chikafu cheNgirozi chakabva Kudenga, kusvikira vayambukira munyika. Zvino vakati vayambukira munyika, mana yakamira kudonha. Vainge vakura zvizere ipapo, uye vakadya chibage chakare cheniyika. Zvino, iko zvino nokuti hamuchisiri vacheche zvachose, zvino nokuti hamuchashuvi mukaka mutete weVhangeri, kuti hamuchafaniri kusvusvudzirwa, nekubhabhadzirwa, uye nekunyengetedzwa kuuya kuchechi, zvino nokuti mave Makristu abve zera zvizere, magadzirira kudya nyama dzakasimba zvino. “Magadzirira kupinda mune

chimwe chinhu,” iye akadaro. Magadzirira kunzwisisa chimwe chinhu chine hudzamu nekupfuma. Oo, tichapinda mazviri zvakananga. Uye, oo, zvange zvakananga kubva pakuvambwa kwenyika. Akati, “Zvino nokuti mapinda mune izvi, ndiri kutaura izvi kwamuri.” Kwete kune avo vachangobva kuEgipita, kwete kune avo vachiri murwendo, asi kune avo vave munyika yevimbiso, avo vakagamuchira vimbiso.

<sup>67</sup> Vangani vakagamuchira vimbiso yeMweya Mutsvene? Oo, hamusi kufara here kuti mave munyika? Iri mhiri kuno zvino, muchidya chibage chakare, muchidya zvinhu zvakasimba zvaMwari uye muine kunzwisisa kwakajeka. Pfungwa yenyu—yenyu yepamweya haina kuvhiringika. Munonyatsoziva chaizvo kuti NdiAni. Munonyatsoziva chaizvo zvaAri. Munonyatsoziva chaizvo kwamuri kuenda. Munonyatsoziva chaizvo zvose pamusoro paWo. Munoziva mune Uyo wamakatenda uye makagutsikana kuti Anokwanisa kuchengeta izvo zvamakapira kwaAri kuitira zuva iroro. Oo, ndiye wacho, ndiye uyo ari kutaurwa kwaari naPauro zvino. Nyatsoteerai. Zvino tarirai.

. . . avo vakatendeka *munaKristu Jesu*:

<sup>68</sup> Zvino, regai nditi chechi idzokorore izvozvo. Tinopinda sei muna Kristu? Nekujoina chechi here? Kwete. Nokuisa zita redu mubhuku here? Kwete. Nokubhabhatidzwa nokunyudzwa here? Kwete. Tinopinda sei muna Kristu? NeMweya Mutsvene mumwe chete tinobhabhatidzwa tose muvimbiso imwe chete, Mutumbi, uye tiri vadyi vezvose zviru munyika yacho. Amen! Oo, ndi—ndinozvifarira izvi. Dai ndanga ndisina kushoshoma, ndaikwanisa kudanidzira. Ini zvangu, kana ndapinda munyika iyi, ndeyangu. Ndave kumba zvino; ndave muKenani. Ndiri pasi pokushandisika pane chipi nechipi zvacho Mwari anoda kundishandisa. Ndiri kufamba munzvimbo tsvene, mwana waMambo, ndakapfekedzwa uye ndakagadzirira. Ndakabuda muEgipita, ndokupfuura nemunyika yevimbiso, ndokumira mumiedzo, ndokuyambuka Jorodhani kupinda muvimbiso iyi yakaropafadzwa. Oo, ndakaiwana sei? NoMweya mumwe chete. Nzira imwe chete yaWakawanikwa naPauro, wakaita zvimwe chete kwandiri nenzira imwe chete yaWakaita kwaari, nzira imwe chete yaWakaita kwauri. “NeMweya mumwe chete tinobhabhatidzwa tose.” Kwete kusaswa, kwete kakungosasa zvisoma kaWo, wonzwa zvakanaka kwazvo; asi kunyudzwa pasi! Wese akagadzirirwa kushambira chamunyurududu, muMweya Mutsvene. Iyoyo ndiyo vimbiso.

<sup>69</sup> VaEfeso yedu, Joshua wedu, anova Mweya Mutsvene, *Joshua* zvinoreva “Jesu, Muponesi.” Joshua zvichireva Mweya Mutsvene achizvimirira pamweya sezvaiva zviya zviru panyama, kuti ndiYe Murwi wedu mukuru. Ndiye Mutungamiri wedu mukuru. Sezvaiva Mwari vaina Joshua, ndizvo zviru Mwari (muMweya Mutsvene) achitifambisa kwese-kwese. Zvino kana chivi chapinda mumusasa, Mweya Mutsvene anoraira kuti

pave nekumbomira, “Chii chakanganisika pano muchechi ino? Pane chakakanganisika.” Oo, hamusi kuona here kuti tava sei nevanakomana vaKishi vakawanda iko zvino? Vana Sauro vakawandisa vari kubuda mumaseminari nezvikoro zvedzidzo dzezvinamato vari kubuda kundodzidzisa zvinhu izvi zvakatsveyama, sekutaurwa kwazvakaitwa neBhaibheri kuti vachazoita. “Zvichiratidzika sokunge, vasina Kutenda, vachizvipatsanura kubva kwauri, vasingade kuyanana newe, uye nezvakadaro, vaine chimiro chohumwari asi vachiramba simba racho: kune vakadaro ibvako.” Havazivi kwavanobva, havakwanise kupa kana chikonzero.

<sup>70</sup> Ndinotaura izvi kubva kune Hama Booth Clibborn, shamwari yangu, kana pane chimwe chinhu chisi-...chisiri pamutemo chisina kusikwa muhumwari, pane chipi nechipi chiri munyika, inyurusi. Nyurusi ndiro rakaderereso pazvinhu zvose. Iro riri...iro—iro harizivi zvariri. Harikwanise kuzvibereka zvachose. Nyurusi harikwanise kuberekesa rimwe nyurusi kuti pagobuda rimwe nyurusi. Ratoguma. Harizive kuti baba varo vakabvepi, kana kuziva mai varo, nokuti iro ringori kadhongi kadiki—kadiki nebhiza rechikadzi. Mwari haana kubvira aita zvakadaro. Usaise zvinhu zvakadai kuna Mwari. Mwari haana kumboita zvakadaro. Mwari akati, “Chinhu chose chichabereka zverudzi rwacho.” Hongu, changamire. Asi nyurusi raka—raka...baba varo vaiva dhongi uye amai varo vaiva bhiza gadzi, nekudaro harizivi kuti kwaro ndekupi. Iro—iro—iro ibhiza riri kuedza kuva nyurusi, kana kuti nyurusi...kana—kana kuti bhiza riri kuedza kuva dhongi, dhongi riri kuedza kuva bhiza. Harizive kudivi kwariri. Uye ndiro chinhu chakaomesesa musoro chiri munyika. Hautongokwanisa kuva kana nekakuvimba kadiki mariri.

<sup>71</sup> Uye ndizvo zviru vanhu vakawanda muchechi. Havazive kuti baba vavo ndiani, havazive kuti mai vavo ndiani. Chinhu choga chavanoziva, ndechokuti vangori muPresbyteriani, muMethodisti, muBaptisti, kana muPentekosti, kana zvimwe zvakadaro. Havazive kwavanobva. Zvino dhongiwo zvaro, unogona kudandizira kwariri zvakananyanya sezvaungade kudandizira kwariri, rinongomira ipapo romisa mazinzeve mudenga, rongotarisa. Unogona kuvaparidzira husiku hwose, uye havawedzeri kana zvisvoma pane zvavanoziva pavanobva kupfuura zvavanga vari pavapinda. Zvino, izvi ndizvo chaizvo. Handina chinangwa chekutsvinya, asi ndinoda kukuudzai Chokwadi.

<sup>72</sup> Asi pane chinhu chimwe chete chavanogona kuita, vashandi vakanaka. Oo, vanongoshanda, nekushanda, nekushanda, nekushanda. Izvi zvinoisa mupfungwa dzangu boka reaya maArminian vanogaroedza nguva dzose kushandira nzira yavo yokupinda Kudenga. Ndizvozvo chaizvo, nyurusi. Oo, zveLadies Aid Society, nekudya kwemanheru kune huku, kuitira muhoro,

wemuparidzi. “Tinofanira kuva nemutambo wedhanzi uyu, neuyu wevanhu.” Zvinongova kushanda, kushanda, kushanda, kushanda, kushanda, kushanda, kushanda. Uye, ivo, vari kushandirei?

<sup>73</sup> Vabvunze, “Makagamuchira Mweya Mutsvene here kubva pamakatenda?”

<sup>74</sup> Vanomisa nzeve dzavo mudenga, uye havazive kuti ndevukupi, “Uri kurevei? Zvakabvepi zvose *izvi*? Uri kurevei, Mweya Mutsvene? Handisati ndambonzwa chinhu pamusoro paWo. Oo, unofanira kuva imwe mhando yemupengereki.” Munoono, havazivi kuti baba aiva ani, kana mai aiva ani, kana mumwe wavo. Unofanira kuvarova pazvinhu zvose zvaunoita, unorova *pano* uye worova *apo*, uye worova *pano* uye worova *apo*. Ndizvozo chaizvo, nyurusivo zvaro rakare.

<sup>75</sup> Asi, ndinokuudzai, haufanire kudaro nebhiza chairo risiri remasanganiswa. Ingoriridzira chiwepu pamusoro paro kamwe chete, zvino hama, rinobva raenda. Rinoziva zvariri kuita. Oo, zvakanaka sei kutasva bhiza risiri remasanganiswa! Zvakanaka sei kuti uti, “Handei, mukomana.” Oo, varume, unotofanira kunyatsobatirira zvakasimba, rinogona kusiya chisharo mumhepo.

<sup>76</sup> Ndiyo nzira yazviri neMakristu chaiwo asiri emasanganiswa. Hareruya! “Gamuchirai Mweya Mutsvene. Tendeukai, mumwe nemumwe wenyu, uye mobhabhatidzwa muZita raJesu Kristu, kuti muregererwe zvivi zvenyu.” Havo vatoenda, nekungochimbidzika kwese kwavanokwanisa kuenda kumvura, vatoenda. Havakwanise kuzorora masikati nehusiku kusvikira vagamuchira Mweya Mutsvene. Sei? Unoziva, Mukristu anoziva kuti Baba vake vaiva ani. Unoona, zvinotoro vaviri kuti pave nekubereka. Ndizvo chaizvo, baba naamai. Nyurusi harizive chaiva baba, kana aiva amai. Asi isu tinoziva Aiva Baba naMai ndiani, nekuti takaberekwa neShoko raMwari rakanyorwa, rakasimbiswa neMweya. Petro akati, nezuva rePentekosti, “Kana mukatendeuka uye mobhabhatidzwa, mumwe nemumwe wenyu, muZita raJesu Kristu, kuti mugoregererwa zvivi zvenyu, muchagamuchira chipo cheMweya Mutsvene.”

<sup>77</sup> Uye, hama, Mukristu wemazvirokwazvo akaberekwa patsva, (oo, ini zvangu) mweya wake, paanongowana Shoko, anogamuchira Mweya Mutsvene. Mubvunze chimwe chinhu zvino! Anoziva paakamira. “Unotenda here mukupodza kwaMwari?”

“Ameni!”

“Unotenda here muKuuuya kweChipiri?”

“Ameni!”

<sup>78</sup> Bvunza nyurusi izvozo. Chinamoto chenyrusi, “Uh, handizive. Chiremba Jones vakati pane imwe nguva...”

Huh! Ipapo, enda hako tevera Sauro. Maona? “Oo, havazive. Zvakanaka, ndinokuudza, chechi yangu haina chokwadi nezvaWo.”

<sup>79</sup> Oo, hama, asi murume nemudzimai akazvarwa patsva anonyatsova nechokwadi pamusoro pekuuya kwaIshe Jesu, vanonyatsova nechokwadi kuti vane Mweya Mutsvene sekuvapo kweMweya Mutsvene unofanira kupiwa.

<sup>80</sup> Zvino, Jesu wakati . . . Mudzimai patsime, “Isu tinonamatira mugomo rino, uye maJudha anonamatira kuJerusarema.”

<sup>81</sup> Akati, “Mudzimai, inzwa Mashoko aNgu! Nguva ichauya, uye yavepo, apo Baba vanotsvaga avo vanoMunamata muMweya nemuZvokwadi.”

<sup>82</sup> “Shoko reNyu iZvokwadi.” Uye munhu wese anoverenga Bhaibheri uye achitenda Shoko roga-roga rinotaurwa neBhaibheri, achitevera kuraira kwaRo, uye ogamuchira Mweya Mutsvene mumwe chete wavakagamuchira, nenzira imwe chete yavakaUgamuchira nayo, zvibereko zvimwe chete vaUgamuchira, simba rimwe chete ravakawana pavakaUgamuchira, anoziva kuti Baba naMai vake ndiani. Anoziva kuti akagezwa muRopa raJesu Kristu, akaberekwa neMweya, akazadzwa nechizoro chaMwari. Anoziva paakamira. Chokwadi! Ari muKenani. Anoziva kwaanobva. Ndozvazviri neMukristu wemazvirokwazvo. Mubvunze, “Wakagamuchira Mweya Mutsvene here kubvira pawakatenda?”

“Ameni, Hama!”

<sup>83</sup> Ndakamira rimwe zuva nemutsvene akwegura, ane makore makumi mapfumbamwe nemaviri ekuberekwa, achitaura nemufudzi wake ane makore makumi masere ekuberekwa, ndakati, “Ambuya?”

Vakanyatsobengenuka sezvavaikwanisa kuva, vakati, “Hongu, mwanakomana wangu.”

<sup>84</sup> Ndikati, “Pava nenguva yakadini kubva pamakagamuchira Mweya Mutsvene?”

Vakati, “Mbiri kuna Mwari! Makore angaite makumi matanhatu apfuura ndakaUwana.”

<sup>85</sup> Zvino, dai kuri kuti vaiva nyurusi, vangadai vakati, “Zvino, mira zvishoma, ndakasimbiswa uye ndakasaswa pandaiva . . . Zvakanaka, zvirokwazvo, zvino vakandigamuchira muchechi uye ndakaenda netsamba yangu kune *vaya*.” Oo, nhai zvangu! Havatombozive kuti ndevukupi.

<sup>86</sup> Asi ivo vaiziva kuti kodzero yehudangwe hwavo yakabva kupi. Vaivapo pazvakaitika. Vakaberekwa nemvura neMweya. Vaiziva, uye nemvura kuburikidza nekugezwa nemvura neShoko, zvinotora Shoko.

<sup>87</sup> Zvino tarisai kuti yakanyorwa sei, “Kune avo vari muna Kristu Jesu.” Pauro, zvino, rangarirai . . . Ndiri kutora nguva



yakareba, asi handisi kuzokwanisa kupedza chitsauko ichi. Asi ndichakurumidza. . . Muri kuchifarira here? Oo, Chinotiudza kuti tiri papi, asi hatikwanise kuzviita muhusiku humwe chete. Tinoda mwedzi mumwe chete kana miviri yeizvi, husiku hwoga-hwoga, tongopfuura nemaZviri, Shoko neShoko. Todzokera uye tozviunza mudzinhorooondo tozviwaridza pachena, Shoko neShoko, tokuratidzai kuti iZvi iChokwadi. Zvino regai ndiverenge ndima iya zvekare nekukurumidza.

*Pauro, muapostori waJesu Kristu nekuda kwaMwari (kwete nekuda kwemunhu), kuvatsvene vari paEfeso, uye (shoko rekubatanidza) nokuna vakatendeka vari muna Kristu Jesu:*

<sup>88</sup> Zvinozveva, “Ivo vakadanwa kunze, vakapatsanurwa, uye zvino vakabhabhatidzwa noMweya Mutsvene, uye vari muna Kristu Jesu. Ndiri kunyorera tsamba iyi kwamuri, imi vadikanwi vangu.” Oo! Ndinofunga pamusoro paPauro kumusoro uko ari pamwe navo iye zvino, oo, mufaro wakadini! Muapostora uya muduku wakare akadimburwa musoro wake zasi uko. Ndakamira panzvimbo apo pavakadimbura musoro wake. Asi, oo, musoro wake uripo mumutumbi uya mutsva, uye hauchazombofi wakadimburwa zvekare. Uye akamira uko kumusoro uko pamwe chete navo nguva ino chaiyo, muapostori mumwe chete akanyora iZvi. Akati, “Kunemi vari muna Kristu Jesu! Kuburikidza neMweya mumwe chete tinobhabhatidzwa tose muMutumbi uyu mumwe chete.” Zvino tarira.

*Nyasha ngadzive nemi, nerugare, runobva kuna Mwari Baba vedu, na . . . She Jesu Kristu.*

*Ngavaropafadzwe Mwari naBaba vaIshe wedu Jesu Kristu, wakatiropafadza neose . . .*

Oo, uri kuzvanzwa here izvo, Charlie?

*. . . akatiropafadza nekuropafadza kwose kwemweya . . .*

<sup>89</sup> Kwete kungoti mamwe kuvaapostori, uye mamwe kuna *uyu*, asi Akatiropafadza neparopafadzo ose epamweya. Mweya Mutsvene mumwe chete wakadzika paZuva rePentekosti ndiwo Mweya Mutsvene mumwe chete uri pano husiku hwanhasi. Mweya Mutsvene mumwe chete wakaita kuti Maria adanidzire uye ataura nendimi, uye ave nenguva inoshamisa uye nekufara, nezvinhu zvaakaita, ndiwo Mweya Mutsvene mumwe chete uri pano husiku hwanhasi. Mweya Mutsvene mumwe chete wakatendera Pauro muchikepe chiya chakare, apo chaitaridzika sekuti chazarisa nemvura uye chatoparara, kwemazuva nehusiku gumi nemana, pasina mwedzi kana nyeredzi. Akatarisa kunze uko uye saisai roga-roga raiva nedhimoni pariri, richitarisa, richiratidza meno aro, richiti, “Ndichakunyudza, mukomana wakare, zvino. Ndakubata zvino.”

<sup>90</sup> Zvino apo Pauro akadzika pasi kuti ave nekamunamato kadiki, ipapo pakamira Ngirozi, ikati, “Usatya, Pauro. Chikepe chino chakare chichaparadzwa pane chimwe chitsuwa. Enderera mberi udye kudya kwako kwemanheru, zvanaka zvino.”

<sup>91</sup> Ndokuuya zvino necheni dziri mumaoko ake madiki ati kwegurei, achidzizvuvu mumakumbo ake, ndokuti, “Chitsungai moyo, varume, nekuti Mwari, Mutumwa waMwari, wandiri muranda wake, amira parutivi rwangu akati, ‘Pauro, usatya.’” Mweya Mutsvene mumwe chete iwowo uri pano husiku huno, Mweya mumwe chete waMwari, uchishumira kwatiri maropafadzo epamweya mamwe chetewo.

*...akatiropafadza nekuropafadza kwose kwemweya  
munzvimbo dzekumatenga...*

<sup>92</sup> Oo, ngatimire kweimwezve miniti pano. “Munzvimbo dzeKumatenga.” Zvino, kwete chero kunze kwese-kwese, asi munzvimbo dzeKumatenga. Takaungana mune “dzeKumatenga,” zvinoreva kuti ndiyo nzvimbo yemutendi. Kuti, kana ndanyatsonamata, iwe wanyatsonamata, kana kuti chechi yanyatsonamata, tagadzirira kuitira Mharidzo, uye taungana isu pamwe chete sevatsvene, vakadanwa kunze, vakabhabhatidzwa neMweya Mutsvene, takazadzwa nemaropafadzo aMwari, takadanwa, takasanangurwa, takagara pamwe chete zvino munzvimbo dzeKumatenga, tiri veKumatenga mumwoyo medu. Mweya yedu yatiunza muhupo hweKudenga. Oo, hama! Ndizvo zvazviri, hupo hweKudenga! Oo, chii chinogona kuitika husiku huno, chii chinogona kuitika husiku huno kana tikange takagara pano muhupo hweKudenga, uye Mweya Mutsvene uchifamba pamusoro pemwoyo woga-woga wakavandudzwa uye ndokuva chisikwa chitsva muna Kristu Jesu? Zvivi zvose zviri pasi peRopa, mukunamata kwakakwana, maoko edu akasimudzwa kuna Mwari uye nemwoyo yedu yakasimudzwa, takagara munzvimbo dzeKumatenga muna Kristu Jesu, tichinamata pamwe chete munzvimbo dzeKumatenga.

<sup>93</sup> Wakambogara mune mumwe makadaro here? Oo, ini ndakambogara kusvikira ndaizochema nemufaro zvino ndoti, “Mwari, musaite kuti ndibve pano.” Dzaingova nzvimbo dzeKumatenga muna Kristu Jesu!

<sup>94</sup> Achitiropafadza nechii? Kupodza kwaMwari, kufanoziva, chizaruro, zviratidzo, masimba, ndimi, kududzirwa, huchenjeri, zivo, maropafadzo ose eKudenga, uye nomufaro usingataurike uzere neKubwinya, moyo woga-woga wakazadzwa noMweya, tichifamba pamwe chete, takagara pamwe chete munzvimbo dzoKumatenga, pasina pfungwa yakaipa imwe chete pakati pedu, pasina mudzanga mumwe chete wasvutwa, pasina dhirezi pfupi rimwe chete, pasina chimwe *ichi*, *icho* kana *chimwewo*, pasina pfungwa imwe chete yakaipa, pasina munhu ane chinhu chaanopesana nemumwe, munhu wese achitaura murudo

uye mukuyanana, munhu wese ari muhumwe panzvimbo imwe chete, “zvino kamwe-kamwe kwakauya kubva Kudenga ruzha rwakaita semhepo inovhuvhuta nesimba.” Hezvoka izvo, “Akatiropafadza nemaropafadzo ose epamweya.”

<sup>95</sup> Zvino Mweya Mutsvene unogona kuwira pane mumwe munhu, wobva wati, “ZVANZI NAJEHOVHA. Enda kune imwe nzvimbo uye uite chimwe chinhu.” Wozviona zvichiitika *saizvo*. [Hama Branham vanoridza munwe wavo—Mupepeti] Maona? “ZVANZI NAJEHOVHA. Ita chimwe chinhu pane imwe nzvimbo.” Wochiona chichingoitika *saizvo*. [Hama Branham vanoridza munwe wavo.]

<sup>96</sup> “Ndokutiropafadza tose pamwe chete mumaropafadzo ose eKumatenga munzvimbo dzeKumatenga.” Tarira!

Maererano *sezvaakatisanangura* . . .

<sup>97</sup> TakaMusarudza here, kana kuti Akatisarudza? Akatisarudza. Riinhi? Usiku hwatakaMugamuchira here? Takasarudzwa!

Maererano *sezvaakatisanangura maari nyika isati yavambwa, kuti tive vatsvene. . . vasine mhosva pamberi pake mu. . . (masangano here?) . . . murudo:*

<sup>98</sup> Mwari akatisarudza riinhi? Mwari akakusarudza riinhi iwe une Mweya Mutsvene? Ko Akakusarudza riinhi? Nyika isati yavambwa. Nokufanoziva kwaKe, Akafanokuona ndokuziva kuti waizoMuda. Zvino nyika isati yavambwa, Akakusarudza, ndokubva atuma Jesu kuti Ave chipiriso chezvivi zvako, kukudanira mukuyanana, kwaAri, kurudo. Oo, ndaishuva dai taiva nemamwezve maminitsi mashoma enguva.

<sup>99</sup> Nditenderei, tisati taenderera mberi, tidzokere, Genesis 1:26. Ndidzavitora musu weChitatu. Apo Mwari akagadzira munhu. . . Asati Agadzira munhu, Akazvidaidza pachaKe “El,” E-l, El; E-l-h, “Elah,” “Elohim.” Izwi rinoreva kuti, muchiHebheru, “anozviraramira ari oga,” Ari oga. Hakuna chairarama kumashure kwaKe, ndiYe aiva kurarama kwose kwainge kwakambovapo, uyo Anozviraramira ari oga! El, Elah, Elohim, zvinoreva uyo “akazvikwanira, ane simba rose, Samasimba, Anozviraramira ari oga.” Oo!

<sup>100</sup> Asi muna Genesis 2, apo Akagadzira munhu, Akati, “Ndiri,” Y-a-h-u, J-u-v-u-h, *Yahweh*, “Jehovha.” Zvairavei? “Ndiri Uyo ane kurarama kwose Uyo akasika chimwe chinhu kubva maNdiri, kuti ave mwanakomana waNgu, kana uyo wechinguva, kana mubati mudiki, mudiki waNgu.” Kubwinya! Sei? Akapa munhu. . . *Jehovha* zvinoreva kuti “iYe akapa munhu kuti ave kamwari kadiki.” Nokuti iYe ndiMwari Baba, uye iYe akaita munhu kuti ave kamwari kadiki, saka haAchisiri kuzviraramira ari oga zvachose, iYe anorarama nemhuri yaKe. Elah, Elah, Elohim. Zvino, zvino iYe wava Jehovha. *Jehovha*, zvichireva, “Uyo Anorarama nemhuri yaKe.” Zvino, Mwari akagadzira

munhu kuti ave nohutongi pamusoro penyika yose, akange aine humambo. Uye nyika yaiva nzvimbo yehutongi hwemunhu. Ndiro Gwaro here? Zvino kana huri hutongi hwake, aiva mwari pamusoro penyika. Aikwanisa kutaura, uye zvova saizvozvo. Aikwanisa kutaura *ichi*, zvoiva zvava saizvozvo. Oo! Hoyoka Uyo, Mwari, Jehovha, Uyo Aimborarama mukuzviraramira ari oga, asi zvino ave kurarama nemhuri yaKe, nevadiki vaKe pamwe chete naYe. Izvoka izvo.

<sup>101</sup> Zvino, verenga izvozvo. Tichapinda mazviri husiku hweChitatu, apo tinenge tava neimwezve nguva. Tinongova nemamwe maminiti gumi nemashanu uye tinozo... Ndafunga kuti ndaizovika pane imwe nzvimbo pano, asi hatichakwanisi, apo patinosimbiswa neMweya Mutsvene wevimbiso. Zvakanaka.

<sup>102</sup> Zvino, takadanwa riinhi kuti tive varanda vaMwari? Ndiriinhi pakadanwa Orman Neville kuti ave muranda waMwari? Oo, ini zvangu! Izvi zvinondikatyamadza. Ndichakuudzai, ngatitorei mamwe Magwaro. Ndinoda kuti mutore Petro weKutanga 1:20. Zvino, Pat, tora Zvakazarurwa 17:8. Zvino ini ndichatora Zvakazarurwa 13. Zvino tinoda kuteerera pano, unoda kuziva kuti Mwari akakudana riinhi kuti uve Mukristu. Oo, ndinozvida izvi. Izvi, “Munhu haangarame nechingwa bedzi, asi neShoko rega-rega rinobuda mumuromo waMwari.” Zvakanaka, Hama Neville, mawana Petro weKutanga 1:20. [Hama Neville vanoti, “1:20.”—Mupepeti] Zvakanaka, verengai 1:19 ne 1:20. Tererai kune izvi. [“1:19 ne 20.”] Hongu. [Hama Neville vanoverenga Petro weKutanga 1:19-20.]

*Asi neropa rinokosha raKristu, seregwayana risina charinopomerwa kana ruvara:*

*Uyo zvirokwazvo wakafanogadzwa nyika isati yavambwa, asi akaratidzwa munguva dzino dzekupedzisira nokuda kwenyu.*

<sup>103</sup> Iye wakafanogadzwa riinhi? Nyika isati yavambwa. Hama Pat, ndiverengerei Zvakazarurwa 17:8. [Hama Pat vanoverenga Zvakazarurwa 17:8—Mupepeti]:

*Chikara chawaona chaivapo, uye hachichipo; uye choda kukwira chichibva mugomba rakadzika-dzika, choenda kundoparadzwa: uye vanogara panyika vasina kunyorwa mazita avo mubhuku yohupenyu kubva pakusikwa kwenyika, vachashamiswa, kana vachiona chikara kuti chaivapo, hachichipo, uye chiripo.*

<sup>104</sup> Ndiani achanyengerwa? Ndiani achanyengerwa nemunhu uyu wezvinamato sezvakaitwa naSauro? Aiva nemanomano kwazvo uye akanyatsokwana kusvikira zvaizonyengera vanaani? Chaivo Va-...[Ungano inoti, “Vasanangurwa.”—Mupepeti]

dai...["zvaikwanisika."] dai zvaikwanisika. Zvakanaka, Zvakazarurwa 13:8, regai ndikuverengerei:

*Uye vose vanogara panyika vacha...vose vanogara panyika vachachinamata, ivo vasina kunyorwa mazita avo mubhuku rohupenyu reGwayana rakabayiwa nyika isati yavambwa.*

<sup>105</sup> Ndiriinhi pakaiswa mazita edu muBhuku roHupenyu reGwayana? Apo Gwayana rakaaurayiwa nyika isati yavambwa. Apo Mwari aiva Jehovha, El, Elah, Elohim, Uyo anozviraramira ari oga. Sezvakangoita ziNgoda hombe rimwe chete, uye haAikwanisa kuva chimwe chinhuzve, asi mukati meNgoda iri hunhu hwaKe hwaiva hwokuva Muponesi. Muhunhu uhwu, hwaive mukati maKe, aiva Mupodzi. Zvakanaka, pakange pasina chekuponesa uye pasina chekupodza, asi hunhu hwaKe hwakabuditsa izvozvo. Nekudaro, zvino nyika isati yavambwa, apo Akaziva, kuti kuratidzwa kukuru kwaKe muno, kuti Aizova Muponesi, kuti Aizouya oitwa nyama ogara pakati pedu, uye Akaziva kuti nemavanga aKe taizopodzwa, Akauraya Gwayana muBhuku raKe nyika isati yavambwa, akanyora zita rako muBhuku iroro nyika isati yavambwa. Oo!

<sup>106</sup> Tererai kune Izvi! Kufanotemera kunotarisa shure kune kufanoziva, ndinoreva kusanangura. Kusanangura kunotarisa kumashure kune kufanoziva, uye kufanotemera kunotarisa pane kumagumo. Musazvikanganwe izvozvo, kuti kusanangura kunotarisa shure kuno, hezvinoi zvazviri, "Ndaiva chaguduma. Ndakaberekwa muchivi, ndikaumbwa mukusarurama, ndikauya munyika ndichireva nhema, ndikaberekwa pakati pevatadzi. Baba namai nemhuri yose, vatadzi. Ndaiva chaguduma. Asi, kamwe-kamwe, ndakava tsanga yegorosi. Zvakaitika sei?" Ichochochi, chii ichochochi? Kusanangura. Mwari, nyika isati yavambwa, akasanangura kuti chaguduma chaizova tsanga yegorosi. "Zvino ndinoziva kuti ndiri tsanga yegorosi, nokuti ndakaponeswa. Ndozviiita sei?" Tarira shure uye woona kuti Akafanozvitemera, nguva refu yakapfuura. Nekufanoziva Akazviona kuti ndaizoMuda, nekudaro Akagadzira chipiriso kubudikidza neMwanakomana waKe Omene, kuti kubudikidza naYe ndigokwanisa kubva pakuva chaguduma ndichiva tsanga yegorosi. "Zvino, ndiri papi zvino?" Ndakaponeswa, ndiri kufamba munyasha dzaMwari. "Chii chinotariswa nekufanotemera?" Kumagumo. "Ndekupi kwaAchandiendesa, uye ndiri kuenda kupi?" Amen. Zvakubata. Hezvoka zvazviri.

<sup>107</sup> Zvino ngativerengei mberi zvishoma, uye zvino tinofanira kuchivhara munguva pfupi.

*Sezvaaka...akatisanangura maari nyika isati yavambwa, kuti tive vatsvene...vasina mhosva pamberi pake murudo:*

*Akatitemera kare* isu kuti tigadzwe, kutitemera kugadzwa kuva vana na *Jesu Kristu* kwaari pachake, sezvaakafadzwa pakuda kwake kwakanaka,

<sup>108</sup> Wakaiti? Iye, nekufanoziva, akafanotiona, achiziva kuti Aiva Muponesi, anozviraramira ari oga. Pakange pasina Ngirozi, pasina chinhu; angori Mwari bedzi, Elah, Elohim, Anozviraramira ari oga, pasina chimwe chinhu kunze kwaKe ari oga. Asi maAri maiva neMuponesi. Zvakanaka, chii chaAizoponesa, hapana chakanga chakarasika? Achiziva izvozvo kuti, ipapo Akaziva kuti hunhu uhwu hukuru huri maAri hwaizoburitsa chimwe chinhu kumberi uko chaAizokwanisa kuponesa. Zvino pahwakadaro, kubudikidza nekufanoziva Akatarisa zasi ndokuona vese vaizoZvigamuchira. Zvino nokudaro, Akati, “Kuponesa ava, nzira yoga yaNdinokwanisa kuzviita, yaizova yokudzika pasi pachaNgu ndoitwa nyama ndoisa chivi chomunhu pamusoro paKe, uye ndomufira, kuti Ndigokwanisa kuva Uyo wacho anonamatwa,” nokuti iYe ndiMwari, chinhu chinonamatwa.

<sup>109</sup> Ipapo Akadzika akazvitorera pachaKe. Zvino paAkaita izvozvo, Akazviita izvozvo kuti Agokwanisa kuponesa iwe unoda kuponeswa. Munoono here zvandinoreva? Kubudikidza nekufanoziva, Mwari asina muganhu, Aiziva zvinhu zvose, akaona Gwayana, uye Akauraya Gwayana nyika isati yavambwa, Akaisa zita rako muBhuku roHupenyu reGwayana. Akaona hunyengeri hwaSatani, izvo zvaizoita. Nekudaro Akaisa zita rako imomo. Uye Akati antikristu aizova anofarira zvekunamata zvakananyanya, akanaka kwazvo, muchinda akanaka chaizvo, murume akangwara kwazvo, murume anofarira zvekunamata, zvokuti aizonyengera Vasanangurwa chaivo dai zvaikwanisika. Asi chinhu chisingakwanisike, nokuti mazita avo akafanogadzwa nyika isati yavambwa. Kubudikidza nekusanangura Akavasarudza, uye nekufanotemera vanoziva kwavari kuenda. Hezvoka izvo.

<sup>110</sup> Zvino, ndiyani angapokane izvozvo? Ndizvo zvakataurwa naPauro. Ndiro Gwaro raPauro. Ndizvo zvakanyorwa naPauro. Ndizvo zvaakadzidzisa chechi yake. Iyo chechi, panzvimbo, nyika isati yavambwa. Apo Mwari, mumarwadzo aKe ekubereka, aibereka, aibereka iwe, achiziva zvawaizoita, Akakuisa panzvimbo muMutumbi waKe Omene, kuti uve mudzimai wepamba, uve murimi, uve muparidzi, uve muporofita, uve *izvi* kana kuve *izvo*. Akakuisa panzvimbo. Zvino apo tinenge tabva kunyika dzegariki dzeEgipita, kubudikidza nekucheneswa, uye tobhabhatidzwa munyika yevimbiso... Nokuti, vimbiso yaMwari ndiwo Mweya Mutsvene. VaEfeso 4:30 yakati, “Usachemedze Mweya Mutsvene waMwari uyo wawakasimbiswa nawo kusvikira zuva rekudzikinurwa kwako.” Zvino Mwari, ndokunge afanotemera chechi, Akati, “Zvino vanhu vose, pachava nemamiriyoni nemamiriyoni vachafamba

vari vanamati chaizvo uye vonge vakanyengerwa.” Avo chete vasingazonyengerwa vachazova avo vakayambukira munyika yevimbiso, avo nyika isati yavambwa vakaiswa mazita avo muBhuku roHupenyu reGwayana, ndokuyambukira munyika yevimbiso, uye vari kufadzwa nayo.

<sup>111</sup> Vanhu vazhinji vanotya kuti unozozvibata nenzira inosekesa. Vanhu vazhinji vanotya kuti Mweya Mutsvene unozokuita kuti uite chimwe chinhu chauno—unozonyara nacho pavanhu. Vanhu vazhinji vanotya kuti vanozochema, uye mudiwa wavo anozovaona vachichema, kana amai, kana muvakidzani wako, kana mukuru wako wekubasa anozokuona.

<sup>112</sup> Regai ndikuudzei pamusoro pemumwe murume imwe nguva, ndisati ndavhara. Paiva nemurume ainzi Dhavhidhi, uye apo areka yaMwari yakambenge iri zasi kunyika yavaFiristiya, zvino yakauya, ichidhonzwa neareka, nzombe yakare yaivazvua, zvino Dhavhidhi paakaona areka ichiuya, aiva nekahanzu kaduku kaaiva akapfeka, akamhanya kunze uko, akakavira makumbo ake mumhepo, akasvetuka-svetuka, akashevedzera nekusvetuka, uye akatamba akasvetuka akatamba. Zvino, iye, ari mambo weIsraeri! Zvino mudzimai wake akatarisa kunze napahwindo ndokumuona achizvibata nenzira isinganzwisisike, akamuzvidza. Handiti, mudzimai anofanira kunge akati, “Zibenzi! Mutarisei kunze uko, nzira yaari kuzvibata nayo, achikanda makumbo ake mudenga, achisvetuka-svetuka nekuzvibata nenzira yakadaro. Nhai, anofanira kunge ava kupenga!” Husiku ihwohwo paakapinda mumba, mudzimai akati, nemashoko akaita seaya, “Nhai, wandinyadzisa. Sei, imi, mambo, murume wangu, kunze uko muchiita saizvozvo, muchizvibata saizvozvo!”

<sup>113</sup> Dhavhidhi akati, “Mangwana ndichaita zviri nani kudarika izvozvo. Hongu, changamire!” Akati, “Hauzive here kuti ndange ndiri kutambira Ishe?” Akayambuka! Ainge ari munyika yevimbiso. Ainge arasa mazvibatiro ake ose nemarara enyika. Akafara zvikuru kuziva kuti areka yaiuya muguta rake.

<sup>114</sup> Uye, oo, ndinokuudzai, vamwe vanhu vanotya kugamuchira Mweya Mutsvene, vanotya kuti vanozotaura nendimi. Vanotya kuti mumwe munhu anozoti, “Zvino, ndiye mumwe weaya machinda endimi.” Vanotya kuuya kuchechei vobhabhatidzwa muZita raJesu Kristu, nekuti vanonyara naWo. Uh! Oo!

<sup>115</sup> Mumwe munhu akati ndinofanira kudzosa matepi angu, nokuti ndakange ndaparidza zvokubhabhatidzwa nemuZita raJesu Kristu. Handisi kuzoadzosa. Ndiri kutogadzira mamwe! Ndizvo chaizvo, zvokuti, kutogadzira mamwe! Ndiro Bhaibheri. Kana vasingade zvatakaita nezuro, ingotarisa zvatichaita mangwana! Ndicho chinhu chekuita, munoona, ingoramba uchienda mberi. Hakuna magumo kwazviri, nekuti ndezvaShe. NdiMwari.

116 Munoziva zvakaitwa naMwari? Mwari akatarisa pasi kubva Kudenga, Akati, “Dhavhidhi, uri murume wepamoyo paNgu iNi.” Dhavhidhi haana kunyara. Aiva muranda waShe. Aida Ishe. Uye akafara zvikuru, akava nemufaro unopfachukira zvakanyanya, kusvikira haana kufunga pamusoro pekuremekedzwa nemunhu.

117 Munoono, sezvandataura mumharidzo yangu nhasi mangwanani, tinotyva zvakanyanya, kusvikira, tave kuda Sauro kuti atidzidzise, tinoda Sauro wakabva kune imwewo seminari kuti atiudze kuti tinofanira kuita sei kunamata kwehu uye kuti tinokufambisa sei. Izvi zviri kune rimwe divi reJorodhani. Divi rino, Mweya Mutsvene unotungamira. Kuno uku uri kunze kwetsvina iyoyo. Kuno uku hauna hanyn’a nezvavanofunga. Kuno uku wakafa, uye hupenyu hwako hwakavanzwa muna Kristu kubudikidza... uye wakasimbiswa noMweya Mutsvene. Hauite hanyn’a. Uri kurarama muKenani. Unowirirana nechibage chakanaka. Uri chisikwa chitsva muna Kristu Jesu. Wakananga kunyika yevimbiso.

118 Ndinoyeuka ndakamira mhiri uko, Hama Collins, makore angaite makumi matatu apfuura, apo chechi ino yainge isati yavakwa. Waive musangano mukatende kadiki kakaiswa pano pakona, musangano wangu wekutanga. Ndaiparidza Vhangeri rimwe chete irori, chinhu chimwe chete, iyo pfuma yaKristu isingatsvakiki: rubhabhatidzo rwemumvura muZita raJesu Kristu, ndichitenda Shoko rese kuve Chokwadi, rubhabhatidzo rweMweya Mutsvene, kupodza kwaMwari, masimba aMwari, sezvandinongoRiparidza iye zvino, handina kumbobva kana inji imwe chete kubva pane chimwe chaRo. Mwari akatozozarura zvakananda zvaRo kwandiri, zvino, sezvaAnenge achiRizarura, ndinongoramba ndichiRiunza. Haafe akatapudza kubva pane zvanga zviripo, Anongoramba achiwedzera zvimwe paRiri.

119 Ndakamira kuzasi uko apo vanhu vanenge mazana mashanu vakamira kumahombekombe, vachiimba, “Pamahombekombe eJorodhani pane dutu ndimire, uye ndokanda ziso rinoshuvira, kunyika yeKenani yakanaka ine mufaro, uko kune nhaka yangu. Ndichasvika riinhi kumahombekombe ane hutano uye ndigoropafadzwa nariinhi, ndichasvika riinhi ndozova naBaba vangu... ndozozorora nokusingaperi?” Ipapo pavakatanga kuimba izvozvo, ndainge ndichitora mumwe mukomana ndichipinda naye murwizi kuti ndimubhabhatidze imomo muZita raIshe Jesu. Ndikati, “Baba voKudenga, ndichiunza mukomana uyu kwaMuri pakureurura kwake...” Ini ndaingovawo mukomana, pachangu, ndine mifananidzo yacho kumba. Ndikati, “Apo pandinomubhabhatidza nemvura, Ishe, pakureurura kwake, muZita raJesu Kristu Mwanakomana waMwari, Mumuzadze neMweya Mutsvene.” Zvino nenguva saiyoyo Chimwe chinhu chakavhuvhuta, zvino heino ndokudzika Ichitenderera, iyo Nyeredzi yeMambakwedza



Inopenya ndokumira ipapo. Ipapo pakamira Chiedza chiya chamunoono ipo pano chiri pamufananidzo. Hecho Chakamira ipapo.

<sup>120</sup> Zvakafamba ndokutenderedza pasi rose, ndokukwira kumusoro kuCanada nekwakapoterredza. Vakati, “Chiedza chisinganzwisisike chaonekwa pamusoro pemushumiri wechiBaptisti wemunharaunda apo aibhabhatidza.”

<sup>121</sup> Mazuva mashoma apfuura, apo Chiremba Lamsa vakauya kwandiri, vasina kumbobvira vaziva chinhu pamusoro pazvo, vakandiunzira mufananidzo, uyo une hama ipo pavari iko zvino. Mune mufananidzo uya here? Mune Bhaibheri racho pamuri here, riri ipapo, uri mubhuku renyu here? Zvakanaka. Ipapo paiva nemufananidzo wechiratidzo chekare-kare chaMwari chechiHebheru, chaicho-chaicho icho chaivepo mumazuva aJobho, Bhaibheri risati ratombonyorwa. Mwari ari muhunhu hwaKe hutatu, kwete vanamwari vatatu. Mwari mumwe chete muhunhu hutatu: Baba, Mwanakomana, neMweya Mutsvene, hofisi nhatu idzo Mwari akashanda madziri. Kwete vanamwari vatatu, asi hunhu hutatu! Zvino hapo paZvaiva. Apo murume uya anoremekedzwa, Chiremba Lamsa, kududzirwa kweBhaibheri ravaLamsa, apo vakataura mangwanani aye. . . Pandakavaudza izvozvo, ndakati—ndakati, “Chiratidzo icho chii?”

<sup>122</sup> Vakati, “Ndicho chiratidzo chaMwari chakare-kare, muchiHebheru. Mwari, Mwari mumwe chete muhunhu hutatu.”

Ndikati, “Sezvakaiva Baba, Mwanakomana, noMweya Mutsvene?”

<sup>123</sup> Ivo vakamira, ndokugadzika kapu yavo yekofi pasi, vakanditarisa. Gene, ndinotenda wakange uripo, Leo. Vakati, “Unotenda izvozvo here?”

Ndikati, “Nemwoyo wangu wose.”

<sup>124</sup> Vakati, “Husiku hwapfuura, ndakamira mumusangano wenyu, Hama Branham, ndakaona kunzvera kuya. Handisati ndambozviona muno muAmerica, munyika yangu.” Vakati, “Vanhu ava vemuAmerica havatombozive Bhaibheri. Chinhu chega chavanoziva isangano ravo. Havatombozivi pavakamira.” Vakati, “Havana chavanomboziva.” Vakati, “Asi pandakamira ipapo husiku hwapfuura,” vakati, “Ini ndakati. . .” Zvino, Hama Gene, ndiri kungozvitauro izvi nekuremekedza nerudo nezvakadaro. Ivo vakati, “Ndakati, ‘Uyu anofanira kuva muporofita.’ Asi pandinoona kuti unotenda kuti Baba, Mwanakomana neMweya Mutsvene havasi vanamwari vatatu, hwaiva hunhu, ipapo ndaziva kuti uri muporofita waMwari, kana kuti hazvaizozarurwa kwauri nenzira iyoyo.” Vakati, “Ichocho chiratidzo chakakwana.” Vakati, “Handisati ndakambo. . .” Vakati, “Hausi weOneness here?”

<sup>125</sup> Ndikati, “Kwete, changamire. Handisi weOneness. Ndinotenda muna Mwari ari Mwari Samasimba, uye hunhu uhwu hutatu hunongova mahofisi matatu ayo Mwari mumwe chete akararama maari.”

<sup>126</sup> Ivo vakati, “Mwoyo wako uropafadzwe!” Ivo vakati, “Rimwe zuva uchadurura ropa rako panyika nekuda kwaizvozvo, asi,” vakati, “vaporofita vanogarofira zvinangwa zvavo.”

<sup>127</sup> Uye ndikati, “Ngazvive saizvozvo, kana zvichifadza Ishe wangu.” Kuturikirwa kweBhaibheri ravaLamsa.

<sup>128</sup> Oo, ichokwadi chaicho. Kakawanda zvakadini, sekutaura kwandinoita kuchechi ino, sekutaura kwakaita Samueri vasati vasarudza Sauro, “Usati waenda kunze uye wojoinha rimwe sangano zvino, woita kuti unge wakazvisungirira mune imwewo mhando yechimwe chinamoto, wadini watendera Mweya Mutsvene kuti ukutungamirire?” Ko wadini watora Mwari seMutungamiriri wako uye woMutendera kuti akuropafadze, wokanganwa pamusoro pesangano rako? Zvino, handisi kutaura kuti usava nhengo yesangano rechechi, iva nhengo kune chero ripi zvaro raunoda kuva. Zviri kwauri. Asi ndiri kukuudza, sedungamunhu, iwe tendera kuti Mweya Mutsvene akutungamirire. Iwe verenga Bhaibheri. Uye zvataurwa neBhaibheri kuti uite, iwe zviite. Mwari akuropafadzei.

<sup>129</sup> Zvino ndamirira kwenguva yakareba. Handizive kana paine ani zvake pano anga achida kuuya mumutsetse wekunamatirwa kuti agonamatirwa. Kana varipo, vangasimudze maoko avo here. Panongova nemumwe chete, vaviri, vatatu. Zvakanaka. Imi mese huyai kumusoro kuno uye momira pano kana muchida, panguva ino, uye—uye tichava nemunamoto. Zvino ticha . . . Handisi kuda kuti muende zvino. Ndoda kuita chimwe chinhu chiri pamutemo pano ti—tisati tavhara.

<sup>130</sup> Vangani vanofarira kunzverwa kweBhuku raVaGaratia . . . oo, ndinoreva VaEfeso? Zvino, husiku hweChitatu, tichapinda muChisimbiso. Uyezve pamangwanani eSvondo inotevera, tichapinda mukugadzwa panzvimbo kwechechi. Oo, kana . . . pamwe tichapinda mazviri, pahusiku hweChitatu chiri kuuya, kunemi vanhu vari muno muJeff. Kuiswa panzvimbo kwekereke pavanofanira kunge vari, mumwe nemumwe. Kutu takadanwa sei nekugadzwa. Mwari akatigadza isu kuti tive vanakomana, tiri vanakomana nekuberekwa. Takagadzwa uye ndokuiswa panzvimbo neMweya Mutsvene. Tarirai! Vese vaiva vaHebheru, apo pavakayambuka rwizi, asi Joshua wakapatsanura nyika ndokupa mumwe nemumwe nyika yake maererano nekutaura kwaamai vake paakaberekwa, kwavakaudzwa neMweya Mutsvene.

<sup>131</sup> Tarirai kuna Jakobho apo akange ave kufa, muporofita, akapofomara, akazvuvira makumbo ake mumubhedha, akati, “Uyai kuno imi vanakomana vaJakobho zvino ndichakuudzai

uko kwamuchange muri nezuva rekupedzisira.” Kubwinya! Oo, ndinoziva ndinogona kuita sokunge ndisinganzwisisike. Vanhu vanogona kuita sekunge vasinganzwisisike. Asi, oo, dai maingoziya iyo—iyo gutsikano, ku—kutsva kuri mumoyo! “Uyai pano zvino ndichakuudzai pamuchange muri mumazuva ekupedzisira.” Uye ndinogona kutora Gwaro rimwe chete iroro, zvino nditora mepu yeapo pakagara maJudha nhasi uye ndokuratidzai zvizere kuti vari panzvimbo chaipo pakataurwa naJakobho kuti vachange vari muzuva rekupedzisira. Uye havana kumbobvira vavepo, ipapo, havana kumbobvira vave panzvimbo iyoyo kusvikira vadzoka kubvira muna Chivabvu zuva rechinomwe, 1946, husiku uhwo Mutumwa waJehovha akazviratidza kwandiri kumusoro uko uye akataura pamusoro pebasa iri. Uye ndinokwanisa kukuratidzai kuti, pavakadzoka munyika itsva iyi, ivo vakaenda chaipo-ipo panzvimbo dzakanzi naJakobho vaizogara. Ndipapo pavakagara nhasi. Oo, oo, ini zvangu, oo, ini zvangu! Taswadera Kumusha nezuva rimwe, ndizvo zvoga.

<sup>132</sup> Imi vanhu vanodikana, muri kurwara, nokuti hamungadai makamira ipapo nekuda kungomira. Ndiri hama yenyu. Ndine kutumwa kwakabva kuna Mwari kuti ndinamatire vanorwara. Kwete serangu... sekunge ndine simba rekupodza, handina. Asi ndine simba rekunamata. Sekutaura kwandaita mangwanani ano, Dhavhidhi akanga asina chimwe chinhu kusara kwekachimvii, asi akati, “Ndinoziva zvachaita nesimba raMwari riri pakari.” Maona? Ndingori nekamunamato kadiki kekupa kuitira imi, uye nemaoko angu ekuisa pamusoro penyu, asi ndinoziva kuti kutenda muna Mwari kunoitei. Kwakamboitira vamwe, kuchaitirawo imi. Imi zvitendei iko zvino muchikwira pano, muchiswadera pedyo zvisvima nepanzvimbo.

<sup>133</sup> Zvino, ndiri kufunga, kuti ndiite kuti zvinyatsoshanda zvakanwana, kuti ndidane hama yangu kuti iuye pano ivazodze nemafuta. Mungadaro here, Hama Neville? Ndichakumbira chechi kuti mukotame mumunamato.

<sup>134</sup> Zvino munorangirira, svondo rapfuura apo ndakarwariswa zvakanyanzira nemafuta epfuta, ndingadai ndakapa chero chinhu hacho dai kuri kuti mumwe munhu akauya oisa maoko pandiri. Dai ndakawanisa kuti mumwe munhu auyepo, uyo akaropafadzwa nokubatsirwa naMwari, ndaizozvikoshesa zvakanyanzira. Mose muri kunzwa iye zvino sezvandaanzwa ipapo. Muri kunzwa zvino kuti ndiite sezvandaingodawo kuti mumwe munhu andiitire ipapo. Mwari asatendere kuti ndisatombobvira ndanzvenga basa. Ndiregei nguva dzose, kunyangwe ndakaneta, apo pandakarukutika, apo ndinenge ndisingatombokwanise kufambisa tsoka kubva pane imwe, ndiregei ndiende, nokuti ndichanosangana nemumwe-nemumwe wenyu zvakanera, uko muNyika iyo iri mhiri uko.

<sup>135</sup> Zvino imi madzimai echikuru, varume vati kwegurei, hutano hauchisina kuita zvakanaka, machena bvudzi uye richidonha, mave kuva zvimedu-zvimedu seruva rerozi razarura ruva raro diki, rodonhedza mashizha aro uye ave kudonha, mave kungosvika pakutanhauka-tanhauka, hamusi kudaro here? Ndizvo chaizvo. Bedzi. . . Uye chinhu choga chauri kuda kuti ugare wakabatana ndechokuti ugopenya kuitira mbiri yaMwari. Saka kana muvengi akubata zvino otiza, ndiri kuuya nechimvii chaMwari, nekutenda, nechipo chandakapiwa naMwari. Izvi ndizvo zvandataura, kuti mugozvinzwisisa. Ndati, “Dai Petro aingopinda muno, kana vamwe vavo.” Musataure izvozvo. Hamufanirwe kuti mundinamatire. Ongouya seizvi, zvino oti, sekumudzimai uyu, woti, “Ndimi Hanzvadzi *Nhingi-nhingi* here?” Zita renyu ndiani? Hanzvadzi Howard. Ndoti, “Muri Hanzvadzi Howard. Muri mutendi here, Hanzvadzi Howard? Imi munotenda. Muri mutendi. Zvino, muri kuona, mune kodzero kune maropafadzo ese erudzikinuro.” Zvino ndaizoti, “Hanzvadzi Howard, zvinhu zvose zvichava zvakanaka,” uye ndobva ndaenda. Oo, sei. . . Ndakati, “Ndaizozhambatata, ndaizodanidzira.” Ndozoti, “Ishe, zvinotofanira kuti zvive saizvozvo. Zvinotofanira kuti zvive saizvozvo.”

<sup>136</sup> Uye ndakafunga, “Saka, vanhu vanofunga zvimwe chetezvo apo pandinouya kuzovanamatira.” Zvino ndizvo zvazviri. Munoono zvandiri kureva here?

<sup>137</sup> Uye ndakamira, nguva dzakawanda, ndikatora vanhu, ndobva ndati, “Oo, hanzvadzi inokosha, mungaZvitenda here? Oo, mungaZvitende here?” “Ishe, O Mwari, vaitei kuti vaZvitende. Vaitei kuti vaZvitende.” “Oo, ndapota, mungaZvigamuchira here zvino?” Handizvo izvozvo. Ndakatodarika kubva kune izvozvo. Ndakatobva pazviri.

Ndave kungotaura izvi, “Hanzvadzi Howard, muri mutendi here?”

“Hongu, ndiri mutendi.”

<sup>138</sup> “Zvakanaka, Hanzvadzi Howard, kana muri mutendi, muri mudyi wenhaka kune zvese zvina Mwari.” Zvino ndongotora ruoko rwavo. Munoono, ndinozvitando izvozvo. Ndinobatana naHanzvadzi Howard nekuisa maoko angu pamusoro pavo. Jesu haana kumbobvira ati “vanamatire,” Wakati, “Vongoisa maoko avo pamusoro pavo.” Ndizvozvo, ipapo vanobva vapura. Vanogona kuti, “Zvinhu zvese zvichanaka,” Hanzvadzi Howard. Zvino munokwanisa kuenda kumba uye monopora. Mwari akuropafadzei.

<sup>139</sup> Muri Hanzvadzi. . . [Iyo hanzvadzi inoti, “Hampton.”—Mupepeti] Hanzvadzi Hampton, muri mutendi, hamusi here? [“Ndiri mutendi.”] Muri mudyi wenhaka kune zvese zvaAkapa. Mwari ave nemi, Hanzvadzi Hampton. Imi chiendai kumba mugopodzwa zvino. Jesu Kristu achakupodzai.

140 Muri Hanzvadzi...[Imwe hama inoti, “Slaughter.”—Mupepeti] Slaughter. Ndimi...Ndimi uyo watakanamatira kuchipatara. Muri mutendi, naizvozvo, Hanzvadzi Slaughter, mudyi wenhaka kune zvose zvatinokumbira. Hanzvadzi Slaughter, dai magamuchira izvo zvamakumbira, mugopodzwa. Mwari uchazvipa kwamuri.

141 Hama Gene, munotenda kuti Mwari Achakupai here? [Hama Gene vanoti, “Hongu, changamire. Hongu, changamire.”—Mupepeti] Uye dai Ishe Mwari akupa, Gene, chaizvo zvawakumbira!...?...

142 Ndinokuzivai. [Hanzvadzi inotaura—Mupepeti] Muri mutendi, hanzvadzi. [“Oo, hongu.”] Ndinokuzivai. Uyu murume wenyu ari apo. Ndiye wandakanamatira parunhare zuva riya. Ndinogara ndichizvirangarira izvozvo. Akatadza kuenda kumusangano kuTulsa. Akauya kumusangano. Uye Ishe akamupodza, akamutumira kumusangano. Mukumiririra makamiririra mumwewo munhu. [“Muzukuru wangu.”] Chinhu cheChikristu chakadini, hanzvadzi! Maona? Akatimirirawo zvakare. Akatimiririra tose. Muri mutendi uye mune kodzero kune zvese zvakavimbiswa naMwari. Ndiri muranda waKe. Uye neZita raJesu Kristu, ndinokupai zvamakumbira. [“Ndinovhitenda.”]

143 Huyai, Hama Neil. Mwari akuropafadzei. Anga akanyanyisa kunaka kwamuri. Muri mutendi. Ndinoziva muri mutendi. Ndinotenda kuti Mwari achakupai zvese zvamunokumbira, nekuti muri mutendi. Uye semuranda waKe, kwamuri, hama yangu, nemuZita raJesu Kristu, ndinokupai chishuvo chemwoyo wenyu. Endai munochigamuchira. Mwari akuropafadzei.

144 Hanzvadzi Bruce, ndinokuzivai. Kamukoti kadiki kaikwiza musana wangu kaikuzivai. Anobva zasi uko pedyo neMotel JJ, Twin J, kana zvimwe zvakadaro. Muchamiririra vamwe. Uye chishuvo chenyu ndechei husiku uno chamuri kuda kuna Baba venyu? [Hanzvadzi Bruce vanoti, “Ndechangu, husiku huno.”—Mupepeti] Ndechenyu, husiku uno. [Hanzvadzi Bruce vanotaura zvakare.] Zvino, muvengi akukandirai kusingasvikike navanachiremba, asi ndiri kukuteverai, nechimvii. Uye muZita raJesu Kristu, ndinonangisa museve wechimvii padombo rapinda muitsvo dziri muchinhano chokuvharika. Uchakudzosai kuna Mwari, kuimba yaKe.

Takukumbirai iMi, kubudikidza neZita raJesu Kristu. Amen.

145 Ndimi baba vemurume uyu here, changamire? Muri mutendi here? [Hama inotaura—Mupepeti] Kutsemuka kwemudumbu kuri parutivi penyu; zasi, uye nekurutivi rwenyu rwekuruboshwe. Munotenda here kuti Mwari achakupai, changamire, uye semuranda waKe?

<sup>146</sup> Ishe, ruoko urwu zwichida rwakaita mabasa epazuva akawanda akaomarara. Vauya pano nechinangwa, vane chimwe chinhu chekuita. Chipei, chishuwo chemwoyo wavo, Baba, ndichinamata muZita raJesu kuti Mugodaro. Amen.

<sup>147</sup> Musapokane. Kutsemuka ikoko kuchamira kuti musarwadziwe pazasi apo, uye muchapora. Mwari akuropafadzei...?...

<sup>148</sup> [Hanzvadzi inoti, “Zvinorwadza musoro wangu nepahuro pangu. Zvinorwadza mbabvu dzangu pandinokosora. Handikwanise kuimba. Handikwanise kuita kana chinhu. Ini...?...Uye handikwanise kunyatsorara. Handikwanise kutomboita chinhu.”—Mupepeti] Uri mutendi, hausi here? [“Ndiri mutendi. Ndakazadzwa neMweya Mutsvene.”] Uri mutendi. [“Ndinoziva kuti Mwari anogara mukati.”] Uye uri—uri mudyi wenhaka kumaropafadzo ese aya. [“Ndinoziva. Uye ndinotenda. Ndinotenda muminamoto yenyu, Hama Branham. Ndinotenda kuti Mwari ahandipodza. Ndinotenda kuti Anopindura minamoto yenyu.”] Ndinokutendai.

<sup>149</sup> Baba, ndinounza iyi, hanzvadzi yangu, mumutsetse wekupfura, pakati pechiri kupfurwa chacho. Uye ndinovadzosa kwamuri, kubva mukubatwa nemuvengi, muZita raJesu Kristu. Amen.

<sup>150</sup> Ndiyo inongova nzira yazvichave. [Hanzvadzi inoti, “Hongu, Hama Branham.”—Mupepeti]

<sup>151</sup> [Imwe hanzvadzi inoti, “...?...Ndine bapu rainge rave kufa, uye rimwe rainge ratofa.”—Mupepeti] Kuvhiyiwa bapu.

<sup>152</sup> O Ishe, apo mudzimai wechidiki uyu akamira pano, achiri mukubwinya kwehumhandara, ndinomunamira. Uye bapu rinofanira kubviswa, anozokombama, kwehupenyu hwake hwese. Muri Baba vedu, ndinonangisa kupfura nemunamoto paari chaipo, Ishe, wakanyatsonanga kubapu iroro. Ndinotumira munamoto uyu muZita raJesu Kristu. Dai warova bapu iroro wobva waripodza. NemuZita raJesu Kristu, ndinozvikumira. Amen.

<sup>153</sup> Muri Hanzvadzi... [Hanzvadzi inoti, “Hanzvadzi Gibbs.”—Mupepeti] Hanzvadzi Gibbs. [“Mumusoro chaimo, uye ndichirwadziwa nawo.”] Ndizvo chaizvo. Musoro wenyu wakatendeutsa kubva kwandiri. Muri mutendi uye mudyi wenhaka kumaropafadzo aMwari ese, Hanzvadzi Gibbs.

<sup>154</sup> Ishe, ndinovaunza kwaMuri, nechimvii ichi chidiki chaMakandipa, semapiro aMakaita Dhavhidhi chimvii, kuti atarire hwai dzababa vake. Zvino kana muvengi akavinga hwai, akange asingatye. Aibata chimvii chidiki ichocho otevera shumba ne—nezvitsere, uye aizodzosa hwai. Uyu munamoto wekutenda. Makandiudza kuti “Ndikaita kuti vanhu vatende uye ndova nekuperera.” Ndinodzosa zvakare Hanzvadzi Gert husiku huno. Ndinovabvuta kubva mumaoko emuvengi. Ivo

igwai reNyu. Ndinovadzosa mudanga raBaba, muZita raJesu Kristu. Amen.

155 [Imwe hanzvadzi inoti, “Hanzvadzi Lowe.”—Mupepeti] Hanzvadzi Lowe. [“Ndine BP”] BP yakakwira. Uye muri mutendi, muri here, Hanzvadzi Lowe? Mudyi wenhaka kune maropafadzo ese.

156 Zvino, Mwari Baba, ndinonangisa munamato uno husiku huno, seuri kubva muchimvii chaMwari, kuitira BP yakakwira yaHanzvadzi Lowe. Dai nguva inotevera apo chiremba vachatora BP yacho, dai vakavatarisa voti, “Yava pakafanira zvino.” Hanzvadzi ichaziva chazviita izvi. MuZita raJesu Kristu, ndinozvipa kwavari. Amen.

157 [Imwe hama inotaura kuna Hama Branham—Mupepeti] Hongu. Ndinoshuva dai ndanga ndina baba vangu pano husiku huno, ndaikwanisa kuvaisira munamato iko zvino. Ndichadaro kune venyuwo, zvakare. Ndinonzwisisa.

158 Baba veKudenga, murume akabereka mukomana uyu, nokuti ari pano panyika husiku huno nepamusana pavo. Uye mwanakomana wavo chaiye ari kushuva kuti baba vake vagodzoswa; kunze uko munyika yechivi, vakasungwa nedoro. O Ishe, ndinotumira munamato uyu nekutenda nesimba, uye nezvose zvandinokwanisa kuukanda nazvo, kadombo kadiki aka, muZita raIshe Jesu. Ndinokakanda ndakananga kuna dhiyabhorosi uyo akaisa chinhu ichocho chakabata uko. Uye dai chabva. Uye dai vauya kudanga vakachengetedzwa, muZita raJesu. Amen.

159 [Imwe hama inoti, “Ndinamatirei, Hama Branham, kuti ndive neMweya Mutsvene. Ndinoda kugamuchira Mweya Mutsvene. Ndinotofanira. Ndine chishuwo. Ndinotofanira kugamuchira Mweya Mutsvene.”] Mune chishuwo chekuUgamuchira. Munoda kuuya muNyika umu mune vimbiso dzose. [“Hongu.”]

160 Uye zvino, Ishe, mukomana uyu anongori mhiri kwerwizi, ari mumusasa kune rimwe divi, uye Jorodhani rakazarisa. Uye hapana nzira yekuti angayambuke kusara kwekunge Imi magadzira nzira sezvaMakaitira Joshua neIsraeri. Uye, Baba, ndiri kuKukumbirai, semuranda weNyu, tenderai hama yedu inokosha, O Mwari, mutenderei kupinda muNyika iyi yevimbiso, vimbiso iyi. Kutu, kune rimwe divi, sekutakurwa kwandakaitwa humwe husiku huya, dai ndawana mukana wekumubata nesimba nekumumbundira, mune imwe Nyika iyoyo, ndichiti, “Hama yangu inokosha.” Zvitenderei, Ishe. Dai agamuchira vimbiso yaMwari, Mweya Mutsvene. Amen.

161 O Ishe, kune iyi, hama yangu ine nyasha; ruoko urwu rwanga ruine mutsa kwandiri, uye ndokundiitira zvinhu, zvisingataurike. Vanotenda uye vane kutenda. Zvino muvengi ari kuedza kubata iyi, shamwari yangu: shuga. Uye ari kufunga

kuti a—angabate mukomana uyu. Asi ndinomutevera. Ndiri kuuya, kuti ndidzose ari weNyu, Ishe, ndichikanda dombo rino nekutenda kwakanyatsonanga. MuZita raJesu Kristu ndinorova chirwere ichocho cheshuga!...?....hama yangu. Dzosai hwai yeNyu kudanga, Baba, muZita raJesu. Amen.

[Hanzvadzi Bell vanotaura naHama Branham—Mupepeti]

<sup>162</sup> O Ishe, hanzvadzi yedu inoziva kuti kuva nomuviri wakakurisa uyu, sekutaurwa kwazvinoitwa nachiremba, ndicho chinhu chinokuuraya. “Paundi yoga-yoga, yawandisa pahuremu, inotapudza gore rimwe chete,” maererano nekarenda yeyinshuwarenze. Uye vanoda kurarama kuitira kuremekedzwa nekurumbidzwa kwaMwari. Uye hakuna chiremba anokwanisa kuzviita izvi, Mwari Baba. Zvinongori mu—muruoko rweNyu. Uye Hanzvadzi Bell vanga vakatendeka zvikuru. Uye vanga vaine mutsa nehanya mumiedzo, vachipfuura nemairi. Vakapfuura nemumiyedzo yakadzama yakawanda. Ndinovaendera husiku huno, Ishe. Ndinouya kuzosangana nemuvengi uya ari uko. Ndinonangisa nekunanga kwose kusingapotse kwandinokwanisa kunanga nako. NemuZita raJesu Kristu ndinokanda dombo riya rekutenda pamuvengi uyu wavabata. Dai ramuparadza, uye romudzingira kure navo, zvino vanozokwanisa kudzoreredzwa zvakare kumafuro manyoro ane mumvuri nemvura dzakadzikama, kuburikidza naJesu Kristu. Amen.

Zvichava saizvozvo, Hanzvadzi Bell. Musatombopokani.

<sup>163</sup> Hanzvadzi Spencer. [Hanzvadzi Spencer vanoti, “Hama, Hama Bill, ini ndinoda Ishe zviru nani zuva rega-rega randinorarama. Uye ndange ndichiuya pano kwemakore makumi maviri, munzvimbo ino. Uye ndakapodzwa kune zvatingangoti zvese zvakambondinetsa. Munoyeuka zvese hazvo, uye...?....”—Mupepeti] Zvirokwazvo ndinorangerira, hanzvadzi...?....[“Uye Akandiropafadza zvakanyanja! Uye ndinoMuda zviru nani, zuva rega-rega rehupenyu hwangu. Ndinoziva ndine hupenyu hunoyevedza muna Ishe.”] Ndinozvitenda izvozvo, Hanzvadzi Spencer. [“Ndiri kufara. Ndiri kufara! Kana uyu usiri Mweya Mutsvene wandinawo, ndi—ndichiri paaritari kuitira chose changu chaAinacho. Uye ndichafira paaritari.”] Amen. [“Ndizvo zvandinoda kuti Aite uye ndanga ndiri kufa ndiri paaritari pamwe naJesu.”] Amen. Mwari vakuropafadzei...?....Amen. [“Uye ndichakuudzai zvandinoda kuti multe. Munoziva, Nowa akatora mhuri yake yose kupinda mukati pamwe naye, uye ndinoda mhuri yangu yose. Munoziva ndinoda kuti vadikanwi vangu vaponese.”] Ndinonzwisisa. Vana venyu. Ndizvo chaizvo. [“...?....vana vangu.”] Hongu, amai. [“Nemurume wangu.”] Hongu, changamire, ini...[“Sezvo munoziva zvese pamusoro pazvo.”] Hongu. [“Imi makatinamatira.”]



164 Tose tinozivana naHanzvadzi Spencer, uye nokuziva kuti ivo naHama Jess vakagara sei vachipfuura nemune zvakaomarara, asi vakauya nekuchechi pano. Kana ndayambukira rimwe divi, vanenge vasisafambe vachidzadzarika seizvi. Vanenge vave vadiki. Oo! Hama Jess, kana ndikango . . . ? . . . munoziva. Uyezve imi mose munoziva kuti zvichava sei, kungori—kungori mhiri kwekadiki . . . ? . . . uko, munodzokera kuva musikana mudiki uya akaisvonaka zvakare, naHama Jess kuva mukomana mudiki. Mwari vakakuvimbisai.

165 Zvino, tariri. Ndinoda kungokupai kachidzidzo kadiki-diki, zvamuri imi vekupedzisira pano, vandinoda kupa.

166 Nekuti, ndinoziva kuti uyu mwanakomana wenyu mudiki, Charlie. Munoda kuti anamatirwe here? [Hama Charlie vanoti, “Hongu.”—Mupepeti]

167 Ndinoda kutaura chinhu chimwe chete ichi. Makamboverenga here muRugwaro apo Bhaibheri rakataura izvi? Pauro akaudza mukuru weZana muRoma.

Muri kukwanisa kundinzwa zvakanaka here? [Ungano inoti, “Ameni.”—Mupepeti]

168 Akaudza muRoma uya, apo akazvuva munondo wake, kuti azviuraye, uko kuFiripi apo aiva mujeri. Uye kudengenyeka kwenyika kwakazunguzira jeri pasi. Akati, “Tenda muna Ishe Jesu Kristu, uye yako pamwe neimba yako muchaponeswa.” Makambozvinzwa here izvozvo? [Ungano inoti, “Ameni.”—Mupepeti] “Yako iwe neimba yako.” [“Ameni.”] Zvino, tarisai. Kana uchinge uine kutenda kwakakwana kweruponeso rwako, haukwanise here kuva nekutenda kwakakwana kuitira imba yako? [“Ameni.”] Mwari, neimwe nzira, achazviita.

169 Zvino, Ishe, ndinonamatira Hanzvadzi Spencer neHama Spencer, husiku uno, kuti mwana wese, ivo nevana vavo, kuti vose vazova muNyika iyo inobwinya, ine mufaro uko kunezenge kusina hurwere kana kuchembera, kusina kusuwa kana zvigumbuso, uye hupenyu huno hwise hudiki pano huchazonyangadikira muhope dzakaipa dzinenge dzapfuura. Dai vagamuchira izvi, uye dai vana vavo vese, uye nemurume vavo, vadikanwi vavo vese, nevose vanovada, neavo vese vavanoda, dai vakaveko navo, nemuZita raJesu. Amen.

170 [Hanzvadzi Spencer vanoti, “Ameni. Maita zvenyu.”—Mupepeti] Mwari akuropafadzei. [“Ndichange ndava nemakumi masere nemaviri, munguva pfupi iri kutevera.”] Makore makumi masere nemaviri ekuberekwa. [“. . . ? . . . Asi havachina hutano, pazera iroro. Asi ndichiri kuita zvangu zvese zvekubika, kuwacha, nekuaina, nekuchenesa imba.”] Sezviri kungoita nyika iri kuparara, Hanzvadzi Spencer. [“Hongu, iri kudaro. Ndinonzwa kuneta kwazvo, nguva yese. Vanozviwana . . . Ndakabvunza amai vangu, mudzimai wababa vangu, aiva nemakore makumi mapfumbamwe ekuberekwa, kuti unonzwa

sei kana wachembera, nguva refu yakapfuura. Ivo vakati, ‘Rose, pamwe uchazenge wakaneta nguva dzose.’ Ini ndakaneta.”] Zvakana, magadzirira kuenda kunozorora, munoona. [“Ndinoneta zvakanyanya, nguva dzese. Ndinoda zororo. Ndinorida iroro.”] Hongu, amai. [“Uye ndinoda kuzorora munaShe, ndiri zasi pamabvi angu. Chese, chese chandinoda.”] Hongu. Ingochengetai kutenda kwenyu kunyatsori maAri, Hanzvadzi Spencer, zvino muchazoyambukira mhiri. [“Ndinoda kufira paaritari, muZita raJesu. NdiYe wandinoda kuzoona, kusvikira Aramba achidaidza.”] Uye Akati... [“Ndinoda zvose zvaAkandichengetera.”] Sezvazviri chokwadi sekumira kwandakaita pano nenzira ino nemi, husiku huno, Hanzvadzi Spencer, nyenya dzaKe ndichakuonai imi naJess mhiri kwemuganhu uko, muri vadiki mune hutano. Mese muchange muchimhanya, muchidanidzira kuti, “Hama yangu! Hama yangu!” [“Hongu.”] Ndichakuonai.

Tsinga dzavo dzemanzwiro.

<sup>171</sup> Mwari Baba, musikana uyu akabatwa nekusagadzikana, uye haakwanise kubatsirwa nemushonga. Panongova naiye ega, anodzivisa. Asi ndiri kumutevera husiku huno. Ndinouya kwaMuri, Baba. Ndinouya, ndichiKukumbirai kuti munangise pakupfura kwandinofanira, kwandichapfura. Dai kwanyatsonangiswa chaipo-ipo, zvinongedzo zvakanyatsonanga pamusana pake chaipo. Dai munamoto uno, muZita raJesu Kristu, warova kusagadzikana uku wokubvarura-bvarura, wodzosa gwai iri rekumafuro aMwari. Amen.

Zvinotongofanira kuva saizvozvo, mudiwa.

<sup>172</sup> [Imwe hanzvadzi inoti, “Ingonamatai. Ndine vana vatanhatu vandinokumbirira kuna Mwari kuti avapodze nekuvaponesa.”—Mupepeti]

<sup>173</sup> Mwari weKudenga, zviitei kuti, vana vavo vatanhatu vavari kushuvira kuti vaponeswe. Vakanzwa chapupu chiya cheHama Daulton, vanasikana vavo vanoyevedza. Vanoshuvira vana vavo vatanhatu, Baba. Dai vava navo. Dai vakasangana navo muNyika iyo kusina husiku, vakachengetedzeka nokuvharidzirwa neRopa raJesu Kristu. Amen.

Dai mava navo, hanzvadzi, ndiwo munamoto wangu.

[Imwe hanzvadzi inotaura naHama Branham—Mupepeti]

<sup>174</sup> Ndinokutendai. Hapana chinhu, zvachose, chingatongozvibatsira. Vanovapa tunhu tudiki tunotaridzika sokunge, oo, chimwe chinhu chakaita se acetamin. Icortisone, vanoudaidza kudaro. Iwoyo, unotokuraya, potse-potse. Inoparadza ropa rako saizvozvo. Asi, tarisa. Unoona, arthritis yakaita seshumba yabata gwai ndokutiza. Zvino, ko chimvii chingaitai? Oo, ini zvangu! Pane shumba hombe, iri kudzvova ine gwayana. Uye inoda gwayana racho, zvino yatiza negwayana. Asi Dhavhidhi akatora chimvii ndokuitevera. Maona? Zvino

tarisai. Aiva nematombo mashanu: k-u-t-e-n-d-a, iye pachake, m-u-n-e. Chimvii chake chaiva muruoko *urwu*: J-e-s-u. Anonyatsonanga. Chimwe chinhu chinofanira kuti chiiitike. Ngatiteverei arthritis iyi, husiku huno, nemunamato uyu. Dai Mwari azvipa kwamuri.

175 [Hanzvadzi inotaura naHama Branham—Mupepeti] Vanoda kubhabhatidzwa muZita? [“Kwete. Kwete. Havana kutaura kudaro.”] Munoda kuti ivo vabhhabhatidzwe. [“Chishuwo changu kuvaona vachibhabhatidzwa.”] Maita henyu, hanzvadzi. Kwete nekuda kwekuti ndiyo nzira. Zvakadaro nokuti. . . Zvino, dai zvaiva zviri muBhaibheri, zvekuti, “Baba, Mwanakomana, noMweya Mutsvene,” nda—ndaizozvitenda, ndaizogara nazvo, hanzvadzi. Ini—ini handaizoda kuve ndiri zvakasiyana. Ini—ini ndaizoda zvimwe chetezvo. Handaizotendera. . . Ini—ini ndichava nemungava kwazviri, munoona. Uye ndinofanira kuzvitaure nenzira chaiyo *iRo* rinozvitaura; kwete kuva ndakasiyana, asi kuva ndakatendeka.

176 Zvino, Baba, tinouyira vadikanwi vavo avo vane arthritis, uye pano ivo vanoda kuti vagobhabhatidzwa muZita raIshe Jesu, nokuti ndipo pekupinda napo. Ndiri suwo rakazaruka. Ipapo ndipo pakazarurwa naJoshua nzira imwe chete yaiyambukira kupinda munyika yevimbiso. Pakange pasina nzvimbo mbiri kana nhatu dzakazarurwa; paingova neimwe chete.

177 Petro, paZuva rePentekosti, apo Chechi payakagadzwa kekutanga, akazarura nzira, akati, “Tendeukai mumwe nemumwe wenyu mugobhabhatidzwa nemuZita raJesu Kristu.” Havana kutombobvira vasiya vachibva munzira imwe chete iyoyo, mumwe nemumwe akayambukira muNyika yevimbiso.

178 Vamwe vavo vaiedza kuyambukira mhiri, vari nechezasi nepane rimwewo zambuko, zvino Pauro akati kwaari, “Makabhhabhatidzwa norubhabhatidzo rwupiko? Muri kuedza kuyambuka nepapi?”

Uye vakati, “Zasi kuno kwakatariswa naJohane.”

179 Akati, “Zvakanaka, Johani akangonongedzera chete kunguva, nekunzvimbo.” Zvino ipapo pavakanzwa izvi, vakazobhabhatidzwa pazambuko chairo. Zvino vakayambukira mhiri, uye vakagamuchira muzambiringa weMweya Mutsvene.

180 Zvipei kune hanzvadzi yedu nevadikanwi vavo, muZita raJesu Kristu. Amenii.

181 Hama Lyle. [Hama Lyle vanoti, “Ndinotenda kuti ndimi chaiye mutungamiri zvmazvirokwazvo, Hama Branham.”—Mupepeti] Oo, hama! [“Ndokufamba. . . ? . . . Munorangarira kana makanga muine here muchiroto, kwakauya chimwe chinhu. . . ? . . . Kana mukataura chiroto chacho, zvakangonaka. Ndicho chandakave nacho. Pese, makagara muchirota chaizvo izvo! . . . ? . . .”] Hongu. Pave nenguva refu. [“Hongu.”] Hongu.

Ndinofara . . . ? . . . Mwari akuropafadzei. Muri munzira kuenda kuNyika yevimbiso iko zvino! Pamwe ndichazvitaura izvozvo.

<sup>182</sup> Vangani vangatomborangarira nguva pfupi shumiro ino yave kuda kusimbiswa kwandiri, uye ndichiraaura nemumwe murume rimwe zuva, zasi kurwizi, dziva hombe? Zvino ndaibata tuhove tudiki, zvino Mweya Mutsvene wakauya pandiri. Paiva ne . . . Murume uyu muJehovah Witness, ndizvo zvaiva. Mukoma wavo ari muno pane imwe nzvimbo, Banks Wood. Ari muno pane imwe nzvimbo, anova muvakidzani wangu.

<sup>183</sup> Uyu ndiLyle. Uye vanhu ava vaimbova maJehovah witness. Vakati, rimwe zuva patairaura zasi uko, mushure mekunge mukomana uyu atendeuka, ndakamuudza kuti paiva nechimwe chinhu muhupenyu hwake, nezvakanga—zvakanga zvakaitika, nezvose pamusoro pazvo. Izvo, atongobva kundiudza zvino, uye achangobva kuzvibuditsa muhupenyu hwake iko zvino, ndizvo chaizvo, chero zvazvaiva. Ndizvozvo chaizvo. Baba vake ndivo vaiva mu—muverengi. Baba vari pano here husiku huno, Billy? [Mumwe munhu anoti, “Hatizive.”—Mupepeti] Uye ivo nemudzimai wavo, vese vaviri, vakabhabhatidzwa, kuva zvapupu muZita raJesusu Kristu, pano mudziva. Zvino murume uyu aiva akagara neni, rimwe zuva.

<sup>184</sup> Banks, uri kupi? Ari pano here husiku huno? [Mumwe munhu anoti, “Chaiko kumashure mukona kumashure uko.”—Mupepeti] Kumashure mukona. Hongu.

<sup>185</sup> Zvino takange tichiraaura. Zvino, hama, mukomana wangu mudiki ainge auraya . . . Ndakafunga kuti ainge auraya kamwana kekiti, mazuva mashoma kumashure. Ivo mai vekiti ava vaiva nechitsama chetukiti tudiki, zvino akakasimudza ndokukadonhedza. Ndakafunga . . . Ndakati, “Ishe vachamutsa hupenyu hwekanhu kadiki,” nezuro wacho. Ndizvo here, Lyle? [Hama Lyle Wood vanoti, “Hongu.”—Mupepeti] Takagara pachidziva chepamahombekombe erwizi. Zvino ndikati, “iZVANZI NAJEHOVHA.” Uye takaraura husiku hwese uye hapana chatakabata.

<sup>186</sup> Mangwanani akatevera, tairaura, mabluegill, seri mukadziva kaduku kepamahombekombe erwizi. Iyoyo ihove diki. Zvino Hama Lyle vaiva nedanda hombe rekuraurisa, vakaita kuti kabluegill kadiki kachimedze, chiredzo chihombe chavaiva nacho, kusvikira, pavakachidhonzera kunze, katambo kadiki kainge kaenda zasi mukati, icho chiredzo chihombe, mudumbu mekabluegill kadiki aka. Zvino pavakachidhonzera kunze, vakatozongozvuva matumbu nezvimwe zvese kubuda mukabluegill kadiki aka, kuti vachitore. Ndokungozvidhonzera zvose kunze, nokuti chiredzo chikuru ichi chainge chabatwa zasi mudumbu rehove iyi. Apo pavakadaro, vakakakandira pasi mumvura. Zvino kakagwinha-gwinha, kangaite kana kana kashanu, ndipo pakakafira, nokuti matumbu ako nyenya dzemushaya zvainge zvakaremba nemumuromo mako.

Kakayangarara kari ipapo kwenguva ingaita hafu yeawa, kakayangarara kachinopinda muzvikwenzi.

<sup>187</sup> Zvino ndakanga ndakagara ipapo, ndichiraura. Zvino kamwe-kamwe, Mweya Mutsvene wakauya, ukati, “Taura kuhove iyo.”

<sup>188</sup> Ndikati, “Kahove kadiki, Jesu Kristu unokupa hupenyu hwako zvekare.” Zvino kahove kadiki kaye, kainge kakarara kakafa kari pamusoro pemvura, kakapinduka nerutivi rwako, ndokuenda kachiti rrrrrroot, kachipinda mumvura, kachikurumidza sekukwanisa kwakaigona.

<sup>189</sup> Hama Lyle neHama Wood vakange varipo vakagara. Hama Lyle vakati, “Hama Branham, zvareva ini, nokuti ndati kukadiki. . .”

<sup>190</sup> [Hama Branham vanotaura naLyle Wood—Mupepeti] Husiku huno, ndinogona kuvaudza zvamakataura here? [Hama Lyle Wood vanoti, “Chokwadi munokwanisa kudaro. Zvakanaka, Hama Branham.”]

<sup>191</sup> Vakati, pavakazvuvira ura kunze kubva makari, ndokungokakandira nechekure uko, vakati, “Wapfura nyere yako yokupedzisira, kamuchinda kaduku,” saizvozvo. Ndokukakandira nechekure uko.

Vakati, “Zva—zvareva ini.”

Zvino ndikati, “Kwete, Hama Lyle. Zvanga zvisingareve izvozvo.”

<sup>192</sup> Hama Banks vari kumashure uko, vakati, “Vanhu vangani vari munyika ino, zviuru zvingani, vangade kunge vakamira patakamira iko zvino, kuti vaone simba raMwari richiburuka uye roita chimwe chinhu chakaita seichi!” Nemamwe mashoko, ivo sekuti. . .

<sup>193</sup> Ndinotenda kuti tose takanzwa sezvakaite Petro, “Zvakanaka kuva pano. Ngativakei matumba matatu.” Maona? Ndizvo chaizvo.

<sup>194</sup> Zvino, Hama Lyle, makazodzwa noMweya Mutsvene zvino. Makasiya Egipta. Mapoto egariki netsvina yenyika zvasara kumashure. Makamira zasi pamahombekombe eJorodhani zvino, nechemhiri uko. Dai Mwari vakakuyambutsa; Lyle.

<sup>195</sup> Mwari Samasimba, heuno mukombe weNyu. Vakanga vari zvirokwazvo ivo vanga vari pakamanikana kwazvo, Ishe, asi mwoyo wangu wakavaendera. Minamoto yedu yarova chibhakera chakasimba ikoko, uye chinhu chacho change chakavabata chabva pavari. Chapwanywa-pwanywa. Zvino vave kufamba vachidzika kuJorodhani. [Hama Lyle Wood vanoti, “Ndinokutendai, Jesu.”—Mupepeti] Vaendesei kuNyika yevimbiso, Ishe. [“Hongu, Ishe.”] Movaisa chisimbiso pakati pevanhu. [“Hongu, Ishe.”] Kutu, paZuva riya rinobwinya apo isu tichasangana ikoko, dai ndikanzwa kumbundira kwemaoko

avo, vachidanidzira, “Hama yangu inokosha!” [“Ameni.”] “Ndinovaziva.” Hunzai Banks pamwe navo, Ishe, haMungadaro here? Baba namai, uye nevese, hanzvadzi, nevese vemhuri iyi huru, dai tikasangana tose ikoko, Ishe, uye mumwe nemumwe wavo azadzwe noMweya Mutsvene. Ndinonamata muZita raJesu. Ameni. [“Ameni.”]

MuchaUgamuchira, hama. Mwari akuropafadzei, Hama Lyle.

<sup>196</sup> [Mumwe anoti, “Hama?”—Mupepeti] Hongu, hama. [“Pane runhare rwabva kure, uye nerufu, vakamirira parunhare.”]

<sup>197</sup> Pane mumwe munhu ari kufa, parunhare rwabva kure. Zvino ndave kupa shumiro kune Hama Neville pandinenge ndiri imomo.

<sup>198</sup> [Hama Neville vanoti, “Zuva guru rinoshamisa munaShe! Mwari vatiitira zvinhu zvakanakisisa nhasi. Zvose zvandange ndakatarisira zvazadziswa zvizere—Mupepeti]

[“Ngatimirei tose, patsoka dzedu.]

<sup>199</sup> [“Mozorangarira shumiro iri mberi, husiku hweChitatu. Munge muchinamata zvakananyanya. Vose vane mwoyo isina kugutsikana, nekugadzikana mova mukubatana naMwari zvikuru. ‘Nguva yave pedyo. Ino ndiyo nguva yacho. Nhasi ndiro zuva reruponeso.’]

<sup>200</sup> [“Mwari varopafadze mumwe nemumwe wenyu imi vaenzi, imi vanhu vabva kure. Munamoto wedu ndewekuti Mwari achakupai nyasha dzekufambisa, muchidzokera kunzvimbo dzenyu dzamunogara. Zvanga zvakanaka kuti tanga tinemi. Uye apo munenge muchienda motinamatirawo, kuti Ishe agoropafadza nzvimbo ino, zvakare.]

<sup>201</sup> [“Baba vedu veKudenga, sezvo muranda weNyu auya husiku huno, kuzoita basa remuhofisi yemuranda nemuporofita weNyu, vachimira pakati, pomukaha, vachiita ruzhowa, vachiuya kwatiri nechido chinopisa chemuranda weNyu, akabhabhatidzwa neMweya Mutsvene, uye vakapiwa hofisi yemuporofita, kuti vagotaura kuchizvarwa chino. Tibatsirei nhasi nehusiku hwanhasi, kuti tigamuchire Mharidzo inouya kwatiri, Ishe, kurudziro, kuti tinge takagadzirira.]

<sup>202</sup> [“Ropafadzai mumwe nemumwe anobuda kubva mumasuwo eimba ino husiku huno. Dai hurwere huri patiri, hwatisingazive pamusoro pahwo, dai nyasha dzeNyu dzakaropafadzwa pamwe nesimba zvatichengetedza nekutidzivirira nekutipodza, uye nekutichengetedza, kusvikira panguva yamuchange Magadzirira kutiendesa kune rimwe divi. Ropafadzai vose vakawodzwa moyo uye nevakagumbutswa, vanotya, uye neavo vasina simba.]

<sup>203</sup> [“Mwari, tinomata husiku huno kuti mutishanyire nemutowo wakatsaurwa, ropafadzo reMweya Mutsvene, kuti

rizorore pamusoro pemufambi woga-woga, mushanyi woga-woga, muenzi wese ari munharaunda yedu. Mumwe nemumwe anobuda nepamusuwo husiku huno, dai chifukidzo chinovhara cheRopa, rakabva pamuchinjikwa weKarivhari, rafukidza nokupa zvakakwana.]

204 [“Tipodzei apo patinorwara. Tichengetei kubudikidza nesimba reNyu guru. Tizodzei kuti tigokushumirai. Itai kuti tifambe murudo, pamberi peNyu, mazuva ose ehupenyu hwedu. Uye tichazoKurumbidzai nekuda kweizvi, nokuti tinozvikumbira nemuZita raJesu Kristu uye nekuda kwaKe. Ameni.]

205 [“Zvino Mwari akuropafadzei. Tinofara kunge tanga tinemi. Kwazisanai mumwe nemumwe.”]

206 [Hama Branham vanodzoka papuratifomu apo ungoro iri kugwinhana chishanu pamwe nekukwazisana mumwe nemumwe apo vari kubuda.]

207 [Hama Branham vanotaura nemumwe munhu.] Ndinonyatsoyemura zvose zvamakanditira, kadhi uye...?... Hongu, changamire. Ndinonyatsoyemura...?...

208 [Hama Branham vanotaura naHama Neville—Mupepeti] Nekudaro tatumira dombo rekutenda...?...Panga pane murume wemunharaunda...?...Saka ndatumira munamato ndichimutevera, nemuZita raJesu Kristu. Anga akarara ipapo kweawa imwe chete, pasina kurova kwemoyo kunonzwika mutsinga, pasina kufema, pasina chinhu. Pasina kufema, pasina kurova kwemoyo kunonzwika mutsinga, kana kufema, pasina chinhu; maziso apinduka mumusoro wake, adonhera papurupiti. [Hama Neville vanoti, “Vangomusiya akarara ipapo kusvikira munamato iwowo wasvika.”]

209 *Iyi* ichiri kushanda here? [Hama Neville vanoti, “Hongu, ichiri kushanda,” vachiratidza kuti maikirofoni yainge ichiri kushanda—Mupepeti]

210 Mungandipewo nzeve dzenyu here? Kumusoro uko, mumwe muvhangeri wechidiki, muparidzi, kumusoro kuno muIndiana, anga achiparidza, adonha akafa papurupiti, ingangoita awa imwe chete yapfuura. Apo ange achiparidza, adonha nemberi, ndokufira papurupiti, muvhangeri anozivikanwa, achiparidza kumusoro kuno muIndiana. Mufundisi angouya akandiridzira runhare. Iye afa ari mukutoparidza ari pasi pekuzodzwa neMweya, adonha nemberi, maziso ake ndokupinduka, kufema kwake kwamusiya. Anzi atofa, anga akarara akafa kweawa imwe chete. Uye chimwe chinhu chavaudza kuti vachaire runhare kuchechi kuti ini ndinamate. Saka ndatumira munamato kuti adzoke, nemuZita raIshe Jesu. Mungabatane here neni nekutenda, kuti usapotse paunofanira kurova; avandudzwe uye nokumudzosa zvakare. Mazvita.

<sup>211</sup> Mwari vave nemi, dakara ndakuonai husiku hweChitatu. Imi vanhu vanobva kuGeorgia nekwakapoterredza, bhai-bhai. Mwari ave nemi.

<sup>212</sup> Hama Pat...?...





*KUGADZWA* 1 SHO60-0515E  
(Adoption 1)

MHARIDZO DZAKATEVEDZANA DZEKUGADZWA

Mharidzo iyi neHama William Marrion Branham, yakaparidzwa kwokutanga neChirungu Svondo manheru, 15 Chivabvu, 1960, paBranham Tabhenakeri muJeffersonville, Indiana, U.S.A., yakazotorwa kubva patepi yakarhekodwa ndokuzodhindwa muChirungu pasina chakamurwa. Kuturikirwa uku muchiShona kwakazodhindwa nokugoverwa neve Voice Of God Recordings.

SHONA

©2019 VGR, ALL RIGHTS RESERVED

VOICE OF GOD RECORDINGS, ZIMBABWE OFFICE  
8 ST. ANNES ROAD, AVONDALE, HARARE, ZIMBABWE

VOICE OF GOD RECORDINGS  
P.O. Box 950, JEFFERSONVILLE, INDIANA 47131 U.S.A.  
[www.branham.org](http://www.branham.org)

## Chiziviso chekodzero

Kodzero dzose dzakachengetedzwa. Bhuku iri rinokwanisa kudhindhwa papirinda yekumba kuti ushandise uri iwe pachako kana kugovera kunze, usingatengesi, semudziyo wekuparadzira Evhangeri ya Jesu Kristu. Bhuku iri harigoni kutengeswa, kudhindhwa akawanda, kuiswa pawebhusaiti, kana kuwana mumuchina waringachengeterwa, kuturikirwa mune mimwe mitauro, kana kushandiswa kukumbira mari pasina mvumo yakanyorwa neveku Voice Of God Recordings®.

Kuwana umwe umboo kana zvimwewo zviripo zvingawanikwa, tapota nyorerai:

VOICE OF GOD RECORDINGS  
P.O. Box 950, JEFFERSONVILLE, INDIANA 47131 U.S.A.  
[www.branham.org](http://www.branham.org)